**O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**TARİYX-HUQIQ FAKULTETİ**

**MİLLİY İDEYa, MA’NAWİYaT TİYKARLARI HA’M HUQIQ TA’LİMİ KAFEDRASI**

5141500 - Milliy ideya, ma’nawiyat tiykarları ha’m huqıq ta’limi qa’niygeliginin’ 4 kurs studenti

Ospanov Jalg’astın’

# *PİTKERİW QA’NİYGELİK JUMISI*

**Tema:** «Milliy qa’driyatlar – milliy mentalitetimizdin’ tiykarg’ı tayanıshı»

| | |
|---|---|
| **İlimiy basshısı:** | **f.i.k., dots. R. Reimov** |
| **Kafedra baslıg’ı:** | **f. i. k., dots. A.Bayrıeva** |

**No’kis - 2012**

**JOBASI:**

**Kirisiw**

**I – BAP. Milliy ruwxıy qa’driyatlardı tiklew – da’wir talabı**

I. 1. Ruwxıy qa’driyatlardın’ milliy o’zlikti an’lawdag’ı a’hmiyeti

I. 2. Qa’diriyatlarımızdın’ ja’miyet ha’m insan turmısındag’ı a’hmiyeti.

I. 3. A’deplilik, ko’rkem-estetik qa’diriyatlardın’ tikleniwi ha’m a’hmiyeti.

**II- BAP . Qa’driyatlarımızdın’ ruwxıy-ideyalıq ta’rbiyadag’ı roli…**

II. 1. G’a’rezsizlik da’wirinde qa’diriyatlarg’a jan’asha qatnas

II. 2.Milliy, ma’deniy ha’m tariyxıy qa’diriyatlar g’a’rezsizlik ideologiyasın qa’liplestiriwdin’ ruwxıy deregi

II. 3. Milliy ruwxıy qa’diriyatlardın’ ideyalıq a’hmiyeti

II. 4.Milliy ideya menen milliy ruwxıy qa’driyattın’ ajıralmas baylanısı

**Juwmaqlaw**

# Kirisiw

XXI a’sir insaniyat tariyxında o’zine ta’n qasiyetleri menen orın iyeledi. Tsivilizatsiyanın’ jemisi esaplang’an ilim-texnika progressii, ma’deniy ha’m ruwxıy o’zgeriwler menen birgelikte esap sanaqsız apatlardı, materiallıq waranagershilikti keltirip shıg’arg’an jasalma revolyutsiyadan ha’m urıslar ju’z berip sotsiallıq progresstin’ qarama-qarsı xarakterin ju’zege keltirdi.

Mine usı ayrıqsha o’zgerislerdin’ juwmag’ı esaplang’an da’wir jan’a a’sirdi baslap berdi. XX a’sir jan’adan-jan’a mashqalalardı ju’zege keltirdi. Bul mashqalalar tiykarınan insaniyat turmısına tuwrıdan-tuwrı baylanıslı bolg’an ha’diyselerdin’ globallasıwı menen ta’riyplenedi. Bunday ha’diyselerdin’ globallıq protsesske aylanıwı du’nya ma’mleketlerinin’ sotsiallıq ha’m siyasiy jan’alanıwına salmaqlı ta’sir etti. Ja’ha’n sisteması jan’a ekonomikalıq mu’na’sibetler, demokratik qa’driyatlarg’a tiykarlanıp ja’ha’n ha’mja’miyetin maydang’a keltirdi. Eski awqam territoriyasında biyg’a’rez biyg’a’rez ma’mleketler payda bolıp, olar insaniyattın’ jan’a sotsiallıq siyasiy ortalıg’ına kiriw imkaniyatın qolg’a kirgizdi. O’zbekstan da mine usı tariyxıy jaqtan quramalı protsessti bastan keshirip, g’a’rezsizlik jolın tan’ladı.

O’zbekstannın’ Milliy g’a’rzezsizligin bekkemlew ushın ja’miyettin’ barlıq tarawların tu’pten reformalastırıw za’ru’rligi ju’zege keldi. A’sirese, eski du’zimnin’ ayanıshlı aqıbeti bolg’an sotsiallıq sananın’ uzaq da’wir ishinde sıpat o’zgermesligi ja’miyetlik rawajlanıwdın’ jan’a da’wirine tosıq bolıwı mu’mkin edi. Sonlıqtan, ta’biyiy halda, jan’a ideologyanı do’retiw za’ru’rligi payda boldı.

Jan’a ideyalar o’z-o’zinen payda bolmaydı ha’m rawajlanbaydı. Bunday ideyalar insaniyattın’ real turmısınan, ku’ndelik iskerliginen kelip shıqqanlıg’ı hesh kimge sır emes. Milliy g’a’rezsizlik ideyasın jaratıwdın’ ju’da’ ko’p faktorları bar. Bul faktorlar mashqalanın’ ma’ni-mazmunın ilimiy da’rejesin, ja’miyet ha’m insan turmısına ta’sirshen’lik ku’shin ja’nede asıradı. Xalqımızdın’ ruwxıy miyrası da mine usı faktorlar qatarına kiredi.

Ruwxıy miyrasımızdı jan'a sotsiallıq talaplar ha'm insaniy za'ru'rliklerden kelip shıg'ıp u'yreniw, sonın' tiykarında milliy ideyanı qaliplestiriw ma'selesi o'zinin' aktuallıg'ı menen dıqqatqa ılayıqdur.

Ha'mmege ma'lim, ha'zirgi waqıtta du'nyada ideologiyalıq, ideyalıq ha'm informatsion gu'resler ku'sheyip barmaqta. Sol sebepten ruwxıy-ag'artıwshılıq islerdi da'wir talapları tiykarında sho'lkemlestiriw ma'selesi aktual ma'sele bolıp turıptı. Tariyxıy esteliklerimiz tek g'ana milliy qədriyat sıpatında milliy o'zligimizdi an'laýg'a ha'm ma'naýiy bayıýımızg'a tiykar jaratıý menen sheklenbesten, elimizdin' milliy ekonomikasına da o'zinin' aytarlıqtay ta'sirin tiygizbekte.

Ma'mleketimiz milliy ekonomikasında turizm tarmag'ının' ornı ha'm a'hmiyeti O'zbekstannın' xalıq aralıq turizm tarawındag'ı ba'sekidegi u'stinlikleri, xalıq aralıq baylanıslardın' rawajlanıwında usı tarmaqtın' roli ha'm de ekonomikalıq o'siwge qay da'rejede imkaniyat jaratıwı menen belgilenedi. O'zbekstan – turistler itibarın o'zine tartatug'ın ma'mleket. Ol turistlerge a'yyemgi ha'm go'zzal qalalar, sulıw orınlar, ta'kirarlanbas ta'biyat ko'rinisleri, bay tariyx ha'm ma'denitqa iye bolg'anı ushın O'zbekstang'a qızıg'ıw pu'tkil du'nyada ku'shli[1].

İdeologiyalıq gu'res, negizinen jaslardın' sanasın za'ha'rlew, olardın' Watang'a ha'm xalıqqa bolg'an isenimin joq etiw, g'a'rezsizlik jolına tosqınlıq etiw, do'geregimizde bolıp atırg'an waqıyalarg'a biyparıq bolıw illetin qa'liplestiriwge qaratılg'an.

Mine usı mashqalalar elimizde milliy ideya ha'm ruwxıy-ag'artıwshılıq islerdin' na'tiyjeliligin, olardın' ta'sirshen'ligin ja'nede asırıwg'a bag'darlandırılg'an. O'zbekstan Prezidenti İ.A.Karimovtın' 2006 jıl 25 avgusttag'ı «Milliy ideyanı u'git-na'siyatlaw ha'm ruwxıy-ag'artıwshılıq isler na'tiyjeliligin asırıw haqqında» g'ı qararı ideologiya frontı isshileri ushın tiykarg'ı jollama ha'm bag'darlama bolıp xızmet etedi.

[1] İslom Karimov. 2012 yil Vatanimiz taraqqiëtini yangi bosqichga kwtaradigan yil bwladi. T.: Ozbekiston, 2012 yil, 55-bet.

Qararda milliy ideyanı u'git-na'siyatlaw ha'm ruwxıy-ag'artıwshılıq islerge basshılıq etiw wazıypası tuwrıdan-tuwrı Respublika, wa'layat, qala ha'm rayon ha'kimlerine ju'kletilgen, olarg'a ja'rdemshi shtatlar belgilendi, Respublika Ruwxıylıq ha'm ag'artıwshılıq ken'esinin' quramına o'zgerttiriwler kirgizildi. ha'mde usı ken'estin' janındag'ı Milliy ideologiya ilimiy u'git-na'siyatlaw orayı ornına Milliy ideya ha'm ideologiya ilimiy-a'meliy orayı sho'lkemlestirildi.

Qararda jan'adan sho'lkemlestirilgen ilimiy- a'meliy oraydın' negizgi wazıypaları belgilendi.

Endi Respublikanın' ideologiya ilimiy-a'meliy orayı iskerliginde milliy ideya ha'm ideologiya ma'selesi menen baylanıslı, aktual mashqalalardı ilimiy-a'meliy analiz etiw, bahalaw, negizgi bag'darlardı anıqlaw, xalqımızdın' ko'p a'sirlik ruwxıylıg'ı ha'm milliy qa'driyatları, turmıslıq ta'jiriybeleri tiykarında jaslardı ta'rbiyalaw, olardı ha'r qıylı illetlerdin' ideyalıq topılısınan saqlaw, puqaralarımızdın' sanasında salamat du'nyaqarastı qa'liplestiriw, ilimiy izleniwlerdin' na'tiyjelerin g'alaba xabar quralları arqalı ken' ja'miyetshilikke jetkerip beriw kibi wazıypalar o'z sheshimin tabıwı kerek.

Jurtbasshımız usı qarar menen milliy ideya propogandası ha'm ruwxıy-ag'artıwshılıq islerdin' ko'lemin asırıw, olardın' potentsialın ko'teriwdin' ilimiy fundamentin ja'nede bekkemlew za'ru'rligi ha'm ju'da' aktual ekenligin uqtırıp, bizge ju'da' juwapkershilikli islerdi a'melge asırıwdın' jolların ko'rsetip berdi.

Milliy ideya ha'm ideologiya maydanındag'ı gu'restin' xarakteri jan'a mazmunlarg'a iye bolmaqta. Xalıqaralıq terrorizm, diniy aqidaparaslıq o'zinin' gu'res taktikasın ha'm strategiyasın o'zgertip ja'ha'nnin' tınıshlıqsu'yer xalıqlarına qa'wip salmaqta. Bul ha'diyselerdi endigiden bılay ha'r qashandag'ıday a'piwayı baqlap, olardı insap ha'm diyanatqa shaqırıw mu'mkin emes. O'z ta'biyatın ha'm ko'rinisin o'zgertip atırg'an jawız niyetli ku'shlerge sezgirlik penen qatnasta bolıw, olardı teren' ha'm ken' ko'lemde analiz etiw, teren' ha'm durıs ilimiy juwmaqlar shıg'arıw wazıypası bizdi u'lken juwapkershilikke shaqıradı.

Bunday mashqalalardın' sheshiminin' bir tu'ri sıpatında biz milliy qadriyatlarımızdı tan'lap alıp olardı ilimiy jaqtan analiz etiwge ha'reket ettik.

## I – BAP. Milliy ruwxıy qa’driyatlardı tiklew – da’wir talabı.

### I. 1. Ruwxıy qa’driyatlardın’ milliy o’zlikti an’lawdag’ı a’hmiyeti

*«Birde bir ja’miyet ruwxıy imkaniyatların, adamlar sanasında ruwxıy ha’m a’deplilik qa’driyatlardı rawajlandırmay turıp o’z g’a’rezsizligin ko’z aldına keltire almaydı*

*İ.A.Karimov.*

Adamlardın’ sanasında g’a’rezsizlik, ruwxıy-a’dep-ikramlılıq qa’driyatlardı rawajlandırıw, xalıqtın’ milliy ruwxıyn oyatıw ha’m tiklew ja’miyettin’ turaqlı rawajlanıwının’ a’hmiyetli sha’rti ha’m kepilidur.

Xalqımızdın’ ku’shi, da’slep onın’ bay ruwxıy miyrasına iye ekenligindedur.

Ma’mleketimiz bir neshe ret basqınshılar hu’jimine duwshar bolg’an, qaramlılıq zulımı astında qalg’an bolsa da o’zligin jog’altpadı, xalqımız o’zinin’ bay ruwxıy miyrasın abaylap saqlap ha’m bayıtıp keldi. A’sirese, son’g’ı totalitarlıq da’wirde ruwxıy miyrasqa klasslıq ko’z qarasınan qaraw aqıbetinde milliy qa’driyatlarımız, u’rp-a’detlerimiz progressiv ha’m reaktsion bloklarg’a bo’lindi, belgili alımlar, a’debiyatshılar ha’m iskusstva ustaları materialist ha’m idealistke bo’lindi. Reaktsion dep bahalang’an milliy qa’driyatlarımız, a’detlerimiz ha’m da’stu’rlerimiz, idealistke ajıratılg’an allamalarımız qaralandı, sıng’a alındı, ko’plegen tariyxıy estelikler buzıldı, kitaplar ha’m qol jazbalardı baspadan shıg’arıw, u’yretiw qadag’an etildi yaki itibarsız qaldırıldı.

G’a’rezsizliktin’ sharapatı menen xalqımız ruwxıy qısıwlardan azat boldı, erkin pikirge, milliy sana-sezimge, milliy qayta tikleniwge jol ashıldı. Milliy qayta tikleniw o’z o’zinen a’melge aspaydı, a’lbette. Bunın’ ushın xalıqtın’ du’nyaqarasın milliy g’a’rezsizlik ruwxında reformalastırıw za’ru’r. Prezidentimiz İ.A.Karimov o’zinin’ «O’zbekstan g’a’rezsizlikke erisiw qarsan’ında» atlı kitabında «Biz bunnan bılay eskishe jasay almaymız ha’m bunday jasawg’a zamannın’ o’zi jol qoymaydı»[2]-dep jazıp, biz jaslarg’a eski du’zimnin’ ta’sirinen pu’tkilley azat bolıwımız kerekligin ha’m bunın’ ushın o’zimizdin’ jan’a

[2] İ.A.Karimov. «Ozbekiston mustaqillikka erishish ostonasida». T., «Ozbekiston», 2011 yil, 8-bet.

da'wirimizge ata-babalarımızdın' bay turmıslıq ta'jiriybelerinen toplap bizge miyras etip qaldırg'an milliy qa'driyatlarımızdı bu'gingi turmısımızg'a qayta endiriwimiz za'ru'rligin uqtıradı.

Olardı sheshiw mu'mkin. Xalıqtın' ta'miyinleniwin de a'mellep turıw mu'mkin. Biraq, ruwxıy reformalar – qullıq ha'm g'a'rezlilik qa'pesinen azat bolıw, qa'ddin ba'lent tutıw, ata-babalarımızdın' da'stu'rlerin tiklep, olarg'a mina'sip miyrasxor bolıw – bunnan awırraq ha'm bunnan ullıraq wazıypa joq bul du'nyada!»-dep jazadı.

Prezidentimizdin' baslaması menen elimiz g'a'rezsizliginin' da'slepki ku'nlerinen baslap aq ata-babalarımız qaldırg'an ruwxıy miyrastı tiklew isleri baslanıp ketti. Al endi ruwxıy miyras degen ne, onın' tikleniwi nelerde o'z ko'rinislerin tappaqta degen sorawlarg'a toqtalatug'ın bolsaq, ruwxıy miyras a'yyemgi zamanlardan berli ata-babalarımızdan bizge shekem jetip kelgen ruwxıy baylıqlar – siyasiy, filosofiyalıq, huqıqıy ha'm diniy qaraslar, a'dep-ikramlılıq o'lshemleri, ilim-pa'n jetiskenlikleri, tariyxıy, ko'rkem ha'm iskusstvo shıg'armaları jıyındısı. Ruwxıy qa'driyatlar, baylıqlar revolyutsion jol menen qolg'a kiritiletug'ın yamasa tabılatug'ın na'rse emes, ol ja'miyetlik rawajlanıwdın' barlıq basqıshlarında onın' talapları arqasında ju'zege keledi ha'm usı da'wir turmısın sa'wlelendiredi, ol ja'miyettin' o'zgeriwi menen joq bolıp ketpeydi, keyingi a'wladlar ushın ruwxıy miyras bolıp qaladı. Ha'r bir a'wlad ruwxıylıqtı tazadın jaratpaydı, ruwxıy miyrasqa tayanadı, biraq onı qanday bolsa sondaylıg'ınsha qabıl ete bermeydi, alg'a ilgerilewshilik, insanpa'rwarlıq, a'dalat ju'zesinen qabıl etedi ha'm rawajlandıradı.

G'a'rezsizlik jıllarında Watanımız tariyxın jarıtıw ha'm u'yreniw ma'seleleri partiyalıq, klasslıq qatnaslardan, hu'kimran kommunistlik ideologiyag'a xızmetker bolıwdan azat etildi. Neshe on jıllıqlar dawamında buzıp ko'rsetilgen yaki so'z etilmey kelingen tariyxıy waqıyalardı qalıslıq, tariyxıylıq, haqıyqatlıq printsipleri tiykarında analiz etiwge kirisildi ha'm da'slepki shıg'armalar do'retildi.

Eski du'zim da'wirinde Abu Ali İbn Sino, Abu Rayxan Beruniy, Muxammed Xorezmiy, Abu Nasr Farabiy, Mırza Ulıg'bek, Abduraxman Jamiy, Alisher

Nawayı, Zaxriddin Muxammed Babur sıyaqlı danıshpanlarımızdın' ja'han pa'ni ha'm ma'deniyatına qosqan u'lesi azg'ana jarıtılg'an bolsada, olardın' ja'han tariyxı du'rdanasına aylanıp qalg'an shıg'armaları tolıq ja'riya etilmedi, ayırımları shegaralang'an nusqalarda g'ana shıg'arıldı. Abduxalıq G'ijduvaniy, Bahawaddin Naqshband, İsmayıl Buxariy, Xoja Axmed Yassawiy, Burxaniddin Marg'iloniylardın' ideyaları zıyanlı, diniy-mistik ko'z-qaraslar dep esaplanıldı. Sonın' menen birge ol da'wirde milliy g'a'rezsizlik ushın gu'resken mın'lap zıyalılar, alımlar, jazıwshılar, shayırlar qatag'an etildi, quwg'ın astına alındı. Olardın' atı qaralandı, olar haqqında ga'p etiw qadag'an etildi. Ullı babalarımızdın' ruwxı shad etildi. Abdulla Qadiriy, Sholpan, Fitrat, Usman Nasır kibi Watanımızdın' azatlıg'ı jolında sheyit ketken xalıq jigerbentlerinin' atları, izzet-hu'rmeti o'z ornına qoyıldı, olardın' ruwxıy miyrasları xalqımızg'a qaytarıldı. Mırza Ulıg'bek, Alisher Nawayı ha'm basqa da allamalarımızdın' tuwılg'an ku'nleri bayram sıpatında nıshanlanbaqta. YuNESKO nın' qararı menen 1994 jılı Parijde, Stanbul ha'm Qarachida ullı astronom alım Muxammed Tarag'ay Ulıg'bektin' tuwılg'anına 600 jıl tolıw mu'na'sibeti menen bayram etilgenligi xalqımızdın' insaniyat tsivilizatsiyasına qosqan u'lesinin' ulıg'lanıwı boldı.

Ma'mleketimiz Qıtay, Hindistan, İran, Mısr kisi a'yyemgi ma'mleketler qatarında turadı, milliy ma'mleketshiligimiz a'yyemgi, diyarımız iri ma'mleket a'rbapları menen belgili. Babamız A'mir Temur elimizdi du'nyadag'ı en' qudiretli ma'mleket da'rejesine ko'tergen. Shoralar da'wirinde tariyxımızdın' a'ne usı ta'repleri bekitilgen bolsa, g'a'rezsizlik da'wirinde o'zinin' tiyisli bahasın aldı. Milliy ma'mleketshiligimiz ta'jiriybesi, A'mir Temur tu'zikleri, Farabiy, Alisher Nawayılardın' a'dil ma'mleket qurıw haqqındag'ı dana pikirleri g'a'rezsizlik da'wirinde demokratiyalıq huqıqıy ma'mleket qurılıwında u'lken ma'dad berdi. A'mir Temurdın' atı tiklendi. 1994 jıl ma'mleketimizde ha'm ja'ha'n ko'leminde A'mir Temur jılı sıpatında ken' nıshanlandı. YuNESKO qararı menen 1996 jıl aprelde Parijde belgili ma'mleket a'rbabı A'mir Temurdın' tuwılg'anına 660 jıllıg'ına bag'ıshlang'an ha'ptelik saltanatlar bolıp o'tti. Tashkent qalasında A'mir Temurge estelik qoyılıdı, Temuriyler muzeyi sho'lkemlestirildi, onın' atı menen

baylanıslı tariyxıy esteliklerge qayta islew berildi. A’mir Temur shaxsı pu’tkil insaniyattın’ ag’artıwshılıq baylıg’ı ekenligi ta’n alındı.

Bizin’ alımlarımızdın’ ku’sh-jigeri menen tariyxımızdın’ ko’plegen betleri, en’ da’slep, temuriyler da’wiri, Buxara ha’m Xiywa qalalarının’ 2500 jıllıq yubileyleri mu’na’sibetleri menen bir neshe mın’ jıllıq tariyx, XIX a’sirdin’ aqırı XX a’sirdin’ basları tariyxı jan’adan u’yrenilip, jazılmaqta.

Watanımız tariyxında ele u’yrenilmegen aktual mashqalalar ko’p. Xalqımız ha’m ma’mleketshiligimiz tariyxın, tariyxımızdın’ basqa betlerin qalıs, ilimiy tiykarda jarıtıw wazıypaları Prezident İ.A.Karimovtın’ bir topar tariyxshılar menen 1998 jılı iyun ayında bolg’an sa’wbetinde, Ministrler Kabinetinin’ 1998 jıl 27 iyulde qabıl etilgen «O’zbekstan Respublikası İlimler akademiyası tariyx institutı iskerligin jetilistiriw haqqında» g’ı qararında belgilep berildi.

A’yyemgi zamanlarda aq jurtımızda din erkinligi bolg’an otparaslar, buddiyler, moniyler, musılmanlar ha’m basqa diniy isenimdegiler awızbirshilikte jasag’an, ten’lik, erkinlik ideyalarına a’mel qılg’an. Xalqımız ruwxıy jaqtan ko’plegen abzallıqlarg’a iye bolg’an islam dinin qa’dirleydi. Ullı watanlasımız Muxammed ibn-İsmail al-Buxariy islam dini ta’liymatında Quranı Ka’rimnen keyingi tiykarg’ı derek esaplanıwshı «Sahiyh al-Buxariy» atlı shıg’arma jaratıp islam tariyxın bayıttı. Babalarımız İmam at-Termiziy, Bahawaddin Naqshband, Xoja Axmed Yassawiyler insandı ruwxıy jetiskenlikke sharlawshı diniy, a’dep-ikramlılıq ha’m huqıqıy hikmetlerdin’ do’retiwshileridur. G’a’rezsizlik da’wirinde a’ne sol allamalarımızdın’ atı tiklendi, xalqımız olardın’ ruwxıy miyrasınan na’r almaqta.

Respublika Ministrler Kabinetinin’ qasında Din isleri boyınsha arnawlı komitet du’zildi. «O’zbekstan Respublikasının’ Konstitutsiyasında», «Hu’jdan erkinligi ha’m diniy sho’lkemler haqqında» nızamda ma’mlekettin’ din ha’m dindarlar wa’killerine mu’na’sibeti o’zinin’ anıq sa’wleleniwin taptı.

O’zbekstan Respublikasının’ «Hu’jdan erkinligi ha’m diniy sho’lkemler haqqında»g’ı nızamının’ bazı statyaları:

- «Hu’jdan erkinligi – puxaralardın’ ha’r qanday dinge iseniwi yamasa hesh qanday dinge isenbewinen ibarat kepillengen Konstitutsiyalıq huqıqıdur

Balag’atqa jetpegen balalardı diniy sho’lkemlerge beriw, sonday aq, olardın’ ıqtıyarına, ata-anaları yaki olardın’ ornın basıwshı shaxslar ıqtıyarına qarsı ta’rizde dinge oqıtıwg’a jol qoyılmaydı». (3-statya)

- «O’zbekstan Respublikası ta’lim sisteması dinnen ajıratılg’an. Ta’lim sistemasının’ oqıw bag’darlamalarına diniy pa’nlerdin’ kiritiliwine jol qoyılmaydı.

O’zbekstan Respublikası puxaralarının’ du’nyalıq ta’lim alıw huqıqı olardın’ dinge bolg’an mu’na’sibetinen biyg’a’rez ta’miyinlenedi».(7-statya)

- «O’zbekstan Respublikası puxaralarının’ (diniy sho’lkem xızmetshilerinen basqa ) ja’miyetlik orınlarda ibadat kiyimlerinde ju’riwlerine jol qoyılmaydı». (14-statya)

Keyingi jıllarda islam dininin’ aktivlesiwi, siyasatlasıwı protsessi janlanıp barmaqta. İslamnın’ siyasatlasıwı ko’plegen a’debiyatlarda «İslam faktorı» dep te ataladı.

**İslamnın' siyasiy aktivlesiwine alıp kelgen sebepler:**

Birinshiden, musılmanlar jasawshı ma'mleкetlerdegi sotsiallıq – ekonomikalıq awhal sebep boldı. Yag'nıy, xalıqtın' to'mengi qatlamlarının' mayda mu'lkdarlarının' o'z da'ramat dereginen maxrum bolıp iri qalalarg'a qaray ag'ıwı ku'sheyedi. Jumısızlar, jarlılar ko'beyedi, narazılıqlar ku'sheyedi. Sonday aq, ja'miyettin' joqarı qatlam wa'killeri ortasında da siyasiy aktivlesiw ku'sheyedi.

Ekinshiden, u'stem ma'mleketlerdin' uzaq jıllar dawamında musılman ma'mleketlerin batısqa ta'n rawajlanıw jolınan jeteklep barıw, batıs ma'deniyatı ha'm a'debin sin'diriwden ibarat siyasatı quladı. Musılman xalıqlarının' batıs ma'deniyatı ha'm a'debine bolg'an narazılıg'ı ku'sheydi.

U'shinshiden, du'nyadag'ı ayırım siyasiy ku'shler o'z maqseti jolında «İslam faktorı» nan paydalanıp qalıwg'a urınbaqta. Og'an arab-izrail kelispewshiligi mısal bola aladı.

İslam ekstremistleri a'yyemgi islam ideyaları ha'm da'stu'rlerin qayta tiklew bayrag'ı astında terrorshılıq, adam o'ltiriwlerdi sho'lkemlestiriw jolları menen shug'ıllanadı. İslam fundamentalistleri islamnın' fundamental printsiplerin tiklew, islamda payda bolg'an da'slepki shart-sha'rayatlarg'a qaytıw uranı astında ha'reket etiwshiler.Olar din ha'm siyasattı bir tu'sinik, islam menen millet ma'plerin bir dep propaganda etedi, ma'mleketti islalastırıw, ma'mleketti «İslam rawajlanıw jolı»na kiritiwge urınadı.

Din, sonın' ishinde islam dini de a'sirler dawamında insan ta'biyatında teren' tamır attı, o'zine ta'n bolg'an wazıypalardı a'melge asırıp kelmekte. Dinnin' joqarı roli sonda, ol ulıwmainsaniy a'dep-ikramlılıq o'lshemlerin o'zine sin'dirip alıp, onı ha'mme ushın ma'jbu'riy minez-qulıq qag'ıydalarına aylandırg'an, adamlardı birlikte jasawg'a ko'meklesken ha'm ko'meklespekte.

Dinnin' ja'ne bir unamlı ta'repi sonda, ol adamlarda isenim tuyg'ısın bekkemlep, olardı pa'klep, ulıg'lap, turmıs sınaqları, mashqala ha'm qıyınshılıqların jen'ip o'tiwde ku'sh bag'ıshlap kelmekte. Din ulıwmainsaniy ha'm ruwxıy qa'driyatlardı saqlap qalıw, onı a'wladtan a'wladqa jetkeriwge ja'rdem berip kelgen. Sol ta'rizde din o'mirdin' bir bo'legi bolıp qaldı.

Ja'miyette din, diniy qaraslar, tu'sinikler menen birge du'nyalıq pikir, du'nyalıq turmıs ta'rizi de birge jasap kelgen. O'mirdin' mazmunın tu'siniwge tu'rlishe – diniy yaki du'nyalıq qatnaslar ja'rdemlesip kelgen.

Sonın' ushın bu'gingi ku'nde pu'tkil du'nyada ha'm O'zbekstanda insannın' erkin pikirlew erki, qa'legen dinge iseniw yamasa hesh qanday dinge isenbew erkine bolg'an huqıqı ta'n alıng'an.

### I. 2. Qa'diriyatlarımızdın' ja'miyet ha'm insan turmısındag'ı a'hmiyeti

Qa'diriyat-insanlar turmısında en' a'hmiyetli qubılıs bolıp esaplanadı. Onı ma'deniyat tarawları jarıqqa shıg'arg'an ha'diyse sıpatında baylanıslılıqta an'law mu'mkin. Sonda xojalıq, texnikalıq, sotsiallıq, siyasiy, ko'rkem, ilimiy qa'diriyatlar ajıraladı. Materiallıq ko'z-qarastan qa'diriyattı seziw - bul turmıslıq, texnikalıq qanaat qa'diriyatı t.b. ha'm ruwxıy-ilimiy a'dep-ikramlıq, estetikalıq

diniy ha'm basqalarg'a bo'linedi. Xojalıq texnikalıq, siyasiy qa'diriyatlar da'wir o'zgeriwi menen o'zgerip otıradı, al basqa qa'diriyatlar (ma'selen: ko'rkem, a'dep-ikramlıq) ba'rqulla universal o'zgeshelikke iye.

Joqarıda aytıp o'tkenimizdey qa'diriyat sotsiallıq iskerlikti ta'rtipke salıp, individler, gruppalar ha'm ja'miyettin' a'hmiyetli iskerliklerine erisiwdi belgileydi. Qa'diriyattın' da'slepki da'rejesi a'piwayılılar arasınan ajıralg'an anıq na'rseler, halatlar, ha'reketlerdin' ayrıqshalıqları menen baylanıslı. Ekinshi da'rejesi bolsa, ma'lim bir individge jaqın bolg'an sotsiallıq gruppalar qızıg'ıwına say keliwshi obrozlar ha'reketi yaki iskerliginin' tan'lanıwı menen baylanıslı. U'shinshi da'rejeli bul en' joqarı ulıwma insanıy maqsetlerdegi tan'lanıw bolıp, onda jaqsılıq. haqıyqat, go'zzallıq, a'dalat,ta'rtip ha'm baylıqqa qarama-qarsı jawızlıq, jalg'an, ta'rtipsizlik, ka'mbag'allıqlar birliginde ko'rinedi yag'nıy bul ta'g'dir menen baylanıslı bolg'an en' a'hmiyetli tan'law bolıp esaplanadı. (buddizmde nirvana, suwfiylikte fano sıyaqlı).

Qa'diriyatlardın' ishinde en' a'hmiyetlisi ha'm ulıwmalıg'ı turmıs bolıp tabıladı. O'mirden ajıralıw qalg'an barlıq qa'diriyatlardan paydalanıwdı joqqa shıg'ardı. Qalg'an qa'diriyatlar negizinde, turmıs jemislerinin' mazmunı, ma'deniy qa'diryatlar turadı.

Ayırım alımlar qa'driyattı da'wirdin' mu'ta'jligin belgileydi, yag'nıy tariyxıy o'zgeshelik payda etedi dep esaplasa, basqa bir izertlewshi Rikert kerisinshe, qa'diriyat barqulla universal o'zgeshelikke iye dep ko'rsetedi. T.Persons qa'diriyattı o'lshem standartı dep ataydı. Atap o'tilgen ha'r qıylı, ha'tte qarama-qarsı pikirlerden qa'diriyattın' ma'nisi ko'p ta'repli ekenligi an'latıladı.

Qa'diriyattın' turmıstag'ı ornı ha'm a'hmiyeti bahalaw arqalı belgilenedi. Bahalaw bolsa insanlardın' mu'ta'jlikleri, ma'pleri, maqsetleri, qızıg'ıwlarınan kelip shıg'adı. Ayırım hallarda mu'ta'jlik penen ma'pler bir-birine qayshı keliwi mu'mkin. Belgili bir ja'miyetlik topar millet, gruppalar ushın joqarı qa'diriyat esaplang'an ha'diyseler basqalar ushın qa'diriyat bolmawı mu'mkin. Ta'biyat ha'm ja'miyet ha'diyselerin qa'diriyat qatarına kiritiw ha'm kirgizbew insanlardın' talapları, ma'pleri, arzıw-tilekleri maqsetleri menen belgilenedi.

Qa’diriyat degende insan ha’m insaniyat ushın a’hmiyetli bolg’an millet, elat ha’m sotsiallıq gruppalardın’ ma’pleri ha’m maqsetlerine xızmet qılatug’ın ta’biyat ha’m ja’miyet ha’diyseleri jıynag’ın tu’siniw lazım.

Qa’driyatlar a’deplilik qag’ıyda ha’m normalar, ideallar ha’m maqsetlerdegi bahalaw o’lshemleri ha’m usılların o’zinde sa’wlelendiredi. Olar hadallıq, pa’klik, o’z-ara ja’rdem, a’dalatlılıq, haqıyqatgo’ylik, jaqsılıq, tınıshlıq, shaxs erkinligi, mehir-muhabbat, miynetsu’ygishlik, watansu’ygishlik sıyaqlı pa’ziyletler, minet, wazıypa, hu’jdan, ar-namıs, juwapkershilik sıyaqlı a’deplilik tu’sinikleri tu’rinde ju’zege shıg’adı. Qa’driyat o’z ta’biyatına bola, sotsiallıq-tariyxıy xarakterge iye.

Qa’diriyatlar ja’miyetlik o’zgeshelikke iye bolıp, insanlardın’ a’meliy iskerligi protsessinde qa’liplesedi ha’m rawajlanadı. Olar ma’nisine qaray tu’rlerge bo’linedi. Da’slep, insan ha’m onın’ turmısı en’ joqarı qa’diriyat esaplanadı. İnsannın’ mu’ta’jliklerin qandırıwg’a ta’biyiy qa’diriyatlar` jer ha’m jer astı baylıqları, basqada ta’biyat jemisleri u’lken a’hmiyetke iye. İnsan miyneti, aqılı menen jaratılg’an materiallıq baylıqlar materiallıq qa’diriyatlar esaplanadı.

Qa’diriyatlar a’mel qılıw shen’berine ko’re milliy, regionlıq ha’m ulıwma insanıy tu’rlerge bo’linedi. Milliy qa’diriyatlar quramalı sotsiallıq ruwxıy ha’diyse bolıp, ol millettin’ tili, ma’deniyatı, tariyxı, u’rp-a’detleri, da’stu’rlerin, ulıwma barlıq materiallıq ha’m ruwxıy baylıqların, ekonomikalıq, ja’miyetlik-siyasiy turmıstın’ barlıq ta’replerin o’z ishine aladı. Al regionlıq qa’diriyatlar bolsa ekonomikası, ma’deniyatı, tariyxı, tili, dini, u’rp-a’det da’stu’rleri ulıwma bolg’an xalıqlardın’ ma’plerine xızmet qılatug’ın ta’biyiy ha’m ja’miyetlik ha’diyseler birikpesin payda etedi. Ulıwma insanıy qa’diriyatlar mazmunı jag’ınan teren’ ha’m ken’ bolıp, ulıwma tsvilizatsiyalıq a’hmiyetke iye boladı. Ulıwma insanıy

qa’diriyatlar barlıq milletler, elatlar ha’m xalıqlardın’ maqset ha’m umtılıwına sa’ykes keldi.

Ulıwma insanıy qa’diriyatlar quramına insaniyat tsvilizatsiyasının’ rawajlanıwı menen baylanıslı bolg’an ulıwma tsvilizatsiyalıq problemalar kiredi. Bular` jer ju’zinde ilim-pa’ndi rawajlandırıw, tınıshlıqtı saqlaw, qıyratıwshı qurallardı joq etiw, ta’biyattı qorg’aw h.t.b.

## I. 3. A’deplilik, ko’rkem-estetik qa’diriyatlardın’ tikleniwi ha’m a’hmiyeti

Koloniallıq du’zim o’tmishte ken’ tarqalg’an, adamlar sapasında saqlanıp qalg’an «eskilik qaldıqlarına qarsı ayawsız gu’res alıp barıw» degen jalg’an ideyalardan kelip shıg’ıp, xalqımızdı a’dep-ikramlılıq qa’diriyatlar, u’rp-a’det ha’m da’stu’rlerden ayırıwg’a umtılıp keldi. Milliy u’rp-a’det, da’stu’rler ha’m ırımlar mın’ jıllar dawamında jaratılg’an ha’m xalqımızdın’ ku’ndelikli turmıs ta’rizine aylanıp ketken. Xalıq olarg’a a’mel qılg’an, buzbag’an, o’z milletin, tilin, milliy birligin saqlap qalg’an. Totaltitar du’zim da’wirinde ırımlardı joq etiw ushın sol bekkem tamır, oq tamırdı qırqıp taslawg’a ha’reket etilgen. Xalqımızdın’ ta’rmıs ta’rizinin’ quram bo’legine aylanıp ketken progressiv ırım ha’m da’stu’rlerdi tu’rli baylamlardı meresimlerdi, ha’tteki su’melegi, besigine shekem shek qoyıw ushın ha’r qıylı sıltawlardı oylap tawıp, olardı saplastırıwg’a ha’reketler islendi. Son’g’ı jıllarda «Hasıl bayramı», «Qırman bayramı», «Qawın sayılı», «Gu’l seyili», neke toyı, «eskilik qaldıqları» dep olardı jasalma ra’wishte oylap shıg’arılg’an basqa bayramlar menen zorlap almastırıwg’a ha’reket etip kelindi. «Darwaz» sıyaqlı a’zeliy xalıq tamashaları, askiyashılar, milliy sport oyınlarına itibar to’menlewi na’tiyjesinde jog’alıp ketiwine az qaldı.

Shıg’ıs a’leminin’, xalqımızdın’ a’yyem-a’yyemnen qa’dirlep kelgen quwanıshlı bayramlarınan biri «Nawrız» dı joq etiwge urındı. «Nawrız» a’sirler dawamında adamlarda ana jerge ha’m ta’biyatqa mehr-muhabbat oyatqan, og’an abaylap mu’na’sebette bolıw ha’m ardaqlaw tuyg’ıların ta’rbiyalag’an. A’yyemnen «Nawrız»da hashar jolı menen salmalar qazılg’an, na’l ha’m gu’ller egilgen.

«Nawrız» musılman ma'mleketlerinin' muqaddes bayramları esaplang'an. Qurban ha'm Ramazan haytları da qadag'an etip qoyılg'an. Koloniashılıq siyasatı adamlardın' qa'lbine ha'm sanasına ta'sir o'tkeriw jolınan barıp, a'debiyat ha'm ko'rkem-o'ner shıg'armalarına o'zine ta'n jandasıwdı ju'zege keltirdi. Ha'tteki «usı jıllarda respublikada ko'plep meshitler, medreseler jawıp qoyıldı, olar zat saqlaytug'ın orınlarg'a aylandırıldı. Diniy ma'resimler qatan' sheklendi, janaza oqıw, marxumlardı son'g'ı jolg'a gu'zetiw ha'm basqa a'detler qadag'an etildi. Orta Aziya xalıqlarının' eskiden kiyatırg'an, islamg'a shekemgi bar bolg'an milliy-da'stu'riy bayramı «Nawrız» qadag'an etildi. Nawrızdı ulıwmaxalıqlıq bayram sıpatında belgilew baslang'anlı beri respublikada «dinge iseniwshilerdin' sanı ko'beygenmish». Kommunistlik aqidaparaslar Nawrızdı qadag'an etip, onın' ornına «Na'wba'ha'r» bayramın oylap taptı. Biraq xalqımız joqarıdan «tu'sirilgen» jan'a bayramdı qabıl qılmadı».[3]

G'a'rezsizlik sharapatı menen ruwxıy turmısımızda oyanıw ju'z berdi. Nawrız, Oraza, Qurban hait bayramlarımız qayta tiklenip, xalqımızdın' ma'nawiyatın bayıtıwg'a, milliy sanamızdı jetik qa'liplestiriwge xızmet etpekte.

Bizge ma'lim, ha'r qanday a'debiy ha'm estetik qadiriyatlar adamlardı obrazlar arqalı ta'rbiyalawg'a olarg'a ruwxıy azıq, ruwxıy ma'det bolıwg'a iytermeleydi. Eger bul qa'diriyatlar qanday da bir maqsetke bag'darlansa, a'wladlardın' sanasına, ta'rbiyasıda, olardın' du'nyag'a ko'z-qarası ha'm turmıs ta'rizine de u'lken o'zgerisler jasawı mu'mkin.

A'debiy qadiriyatlarımızdı mensinbew printsipi basqınshıları ullı shayır ha'm oyshıl Alisher Nawayı shıg'armaların jan'alıq emes, original emes, ba'lki parsı a'debiyatının' awdarması dep ja'riyalawında da ko'rinedi. Bul printsiplerdin' jan'a ta'repleri Oktyabr revolyutsiyasınan keyin de dawam ete berdi.

Alisher Nawayı ullı so'z ustası sıpatında ta'n alıng'an, onın' tiykarg'ı shıg'armaları ko'plep nusqada basıp shıg'arılg'an bolsa da, ullı ustazdın' barlıq

---

[3] Ozbekiston Respublikasi Prezidenti İslom Karimovning «Ozbekiston mustaqillikka erishish ostonasida» kitobini wrganish bwyicha oquv-uslubiy qollanma. T., «Oqituvchi», 2012 y., 115-bet.

ideyaları, shıg'armalarının' xalıq estetik quwatı ken' xalıq na'zerinen shette qala berdi.

Revolyutsiyadan keyingi, a'lipbe reformaları na'tiyjesinde jas a'wlad mın' jıllıq a'debiy miyras penen tanısıw imkaniyatınan ayırıldı. «Eskishe» den sawatı bar adamlardın' ko'pshiligi qatag'an siyasatının' qurbanı boldı, tu'rli qısımlarg'a shıdam bere almay shet ellerge qashıp ketti. Bunın' u'stine arabsha imla menen jazılg'an kitaplar qadag'an etilip, jag'ıp jiberildi. Bulardın' ha'mmesi xalqımızdın' o'tmish a'debiy miyrasının' u'lken bo'leginin' jan'a a'wladlarg'a biygana bolıwına alıp keldi. A'debiyat tariyxına baylar a'debiyatı ha'm ka'mbag'allar a'debiyatı pozitsiyasınan baha beriw na'tiyjesinde milletimiz mu'lki bolg'an a'debiy g'a'ziyne qaralanıp, xalıq na'zerinen shetke alıp kelindi. Saray a'debiy ortalıg'ında kim do'retiwshilik etken bolsa, onın' a'debiy qa'biletinen qatiy na'zer, shıg'armalarına ideyalıq dushpan jarlıg'ı asıla berdi. Aqıbetinde Xusayniy, Amiriy, Fazniy Namanganiy sıyaqlı ju'da' ko'p shayırlardın' miyrası ko'rkem-estetik qa'dirine jarasa bahalanbadı. Qadag'an etilgen a'debiy miyrasımızdın' ja'ne bir qa'diri suwfılıq ruwxında jazılg'an shıg'armalar edi. Tiykarınan ullı shayır, Tu'rkstan piri Axmed Yassawiy ha'ziretinin' kamil insandı ta'rbiyalawg'a qaratılg'an, insandı pa'klewge xızmet etetug'ın qosıqları, hikmetleri, sufı Allayardın' shıg'armaları qattı baqlaw astına alındı. Ha'tte bul ullı do'retiwshiler haqqında izertlewler jazg'an alımlar da jaqın ku'nlerge shekem quwg'ın qılıng'anlıg'ı hesh kimge sır emes.

Shoralar da'wirinde belgili maqsetlerdi go'zlep a'debiy ha'm ko'rkem-o'nerge ayrıqsha itibar menen qaraladı, a'debiyat isi ulıwma proletar isinin' bir bo'limi dep ja'riyalandı. Sotsialistlik realizm dep at alg'an do'retiwshilik metod ha'm a'debiy ag'ım sol istin' a'melge asırıwdın' quralı bolıp xızmet etti.

Bunın' na'tiyjesinde jaratılg'an shıg'armalardın' tiykarg'ı bo'limi go'zzallıq deregi emes, ideyalar jıyındısına aylanıp qaldı. Sol ta'repten pu'tkil shara a'debiyatın «shaxsqa sıyınıw a'debiyatı» dese de boladı. Biz bul menen shoralar da'wirinde haqıyqıy ko'rkem shıg'armalar jaratılmadı demekshi emespiz, tek g'ana

olardın’ o’z qa’dirin tawmag’anı, kerisinshe olardı joq etip jiberiwge, ma’deniyatımız tariyxınan izin o’shiriwge ha’reket etkenligin tastıyıqlamaqshımız.

Estetik qa’driyatlarımızdın’ ajıralmas bo’legi esaplang’an arxitekturalıq estelikler meshit ha’m medreseler dinge qarsı gu’res uranı astında wayran etildi. Diniy kitaplardı baspadan shıg’arıw qadag’an etildi, barları tartıp alındı. Bahawaddin Naqshband, İmam Buxariy, Axmed Yassawiy, Sulayman Baqirg’anıy, Sufı Allayar sıyaqlı musılman du’nyasında a’lle qashan belgili bolg’an alımlardın’ shıg’armaları «diniy ideyalar menen suwg’arg’anlıg’ı» sıltawında qısqıg’a ushıradı. İnsan do’retiwshiligi ha’m miynetinin’ na’tiyjesi bolg’an ju’zlep meshit ha’m medreseler, qanshadan-qansha ag’artıw orınları, tariyxıy estelikler buzıp taslandı.

Degen menen, bizge ma’lim, xalıqtın’ ruwxıylıg’ın joq etiw mu’mkin emes. Ruwxıylıqtı, qa’driyatlardı joq etiwge qanshama ha’reket etilse, olardı qorg’ap qalıwg’a sonshama da’rejede qarsılıq ku’sheyedi. Sonlıqtan bizin’ qa’driyatlarımızdı joq etiwge islengen bunday unamsız ha’reketler, olarg’a jiberilgen waqıtlar zaya ketti dep ayta alamız.

## II- BAP . Qa’driyatlarımızdın’ ruwxıy-ideyalıq ta’rbiyadag’ı roli.

### II.1. G’a’rezsizlik da’wirinde qa’diriyatlarg’a jan’asha qatnas

1991 jıl 31 avgust ku’ni o’zbekstan Respublikası Joqarı Ken’esinin’ na’wbetten tısqarı altınshı sessiyası o’zbekstan Respublikasının’ ma’mleket g’a’rezsizligi ha’m azat suveren ma’mleket - O’zbekstan Respublikasın du’ziw haqqında karar qabıl etildi. Ma’mleket g’a’rezsizligin qolg’a kirgiziw na’tiyjesinde O’zbekstan ushın ekonomikalıq ha’m sotsial rawajlanıwının’ madeniy ruwxıy janalanıwdın’, milliy qadiriyalarımız tikleniwinin’ ken’ jolları ashıdı. G’a’rezsiz xalqımız turmısındag’ı hesh qashan umıtılmaytug’ın tariyxıy waqiya.

O’zbekstan ma’mleket g’a’rezsizligi usı topıraqta jasap atırg’an jerleslerimiz qatarı uzaq jıllar dawamında ana jurtınan, elinen, mu’sa’pirlik ja’birlerin tartkan watanlaslarımızdı da sheksiz quwandırdı.

«O’z Watanının’, o’z Watanı topırag’ına ko’miliwden ju’da’ etilgen, shet ellerde Watan jamalın, watan topırag’ın ezilip sag’ınıwg’a majbu’r etilgen millonlap jerleslerimizdin’ asıg’ıp ku’tken ku’ni keldi.

Xalqımızdın’ a’sirlik a’rmanı bolg’an g’a’rezsizlikti ta’miynlewde, xalıqımızdın’ qa’dir-qımbatın qorg’awda u’lkemiz baylıqların talan-taraj etiliwinin’ aldın alıwda, O’zbekstandı du’nyag’a tanıtıwda Prezident İslam Karimovtın’ ullı xızmetlerin umıtıp bolmaydı. El basshımızdın’ keyingi 130 jıl dawamında g’a’rezli bolıp kelgen o’zbek xalqın azatlıqqa shıg’arıp, g’a’rezsizlik wazıypaların sheshiwdegi tınımsız ha’reketlerin pu’tkil du’nya a’lle qashan ta’n aldı. Ma’mleketimizdin’ bu’gingi ku’nde 160 dan artıq ma’mlekettin’ ta’n alıwı bunın’ ayqın da’liyli.

**Qaysıdur bir xalıqtın’ ma’nawiyatına ta’n qa’driyatlardın’ basqa xalıqlar ta’repinen ta’n alınıwı, ta’biyiy, a’ne usı xalıqtın’ tariyxına degen teren’ hu’rmettin’ sa’wleleniwidur.**

**İ.Karimov**

G’a’rezsizlik sharapatı menen ilgeri talan-taraj etip kelingen ta’biyg’ıy ha’m ekonomikalıq qa’dirietlarımız endilikte puqaralardın’ baxıt-saadatı ha’m ma’pleri jolında paydalanılmaqta.

G’a’rezsizlik sharapatı menen koloniashılar ideologiyası ta’siri astında qara boyaw menen boyalg’an tariyxımız betleri de qaytadan ko’rip shıg’ılmaqta. Bunı biz ullı babakalanımız Amir Temurdın’ tariyxtag’ı haqıyqıy ornın haqıyqıy jaratıwdan ko’riwge boladı. Tariyxtan belgili, uzaq jıllar dawamında Patsha Rossiyası ha’m bolshevizm ideologiyasının’ ta’siri astında xalqımız Amir Temurdın’ tariyxıy ornın mu’na’sip orıng’a qoyıw imkanınan ayırılg’an edi. Ra’smiy hu’jjetlerde ha’mde sol da’wirlerde baspadan shıqqan a’debiyatlardın’ ko’bshiligi Amir Temur basqınshılıq siyasatın alıp barg’an qanxor sıpatında ta’riyplenip, onın’ basqınshılıq iskerligi O’rta Aziya xalıqlarının’ ta’g’dirine keri ta’sir ko’rsetti, dep uqtırıldı. Endi bul ma’sele de jadidler, basmashılar ha’reketi jan’a u’yrenilip a’dilana bahalanbaqta.

Bu’gingi ku’nde tariyxshılarımız ta’repinen 1917 jılı ju’z bergen fevral ha’m oktyabr revolyutsiyaları, 1918-1920 jıllardag’ı grajdanlar urısı, xalıq xojalıg’ın industrializatsiyalaw, awıl xojalıg’ın kollektivlestiriw, ma’deniy revolyutsiya, 1941-1945 jıllardag’ı Ullı watandarlıq urıs ha’m basqa tariyxıy waqıyalar puxta u’yrenilip, haqıyqıy tu’rde jarıtılmaqta. Bulardın’ ha’mmesine biz g’a’rezsizlik sebebli eristik.

Alımlarımız xalqımızdın’ ko’p a’sirlik ha’m bay tariyxın jan’a ko’z-qarasta ko’rip shıg’ıp, ulıwma ta’lim orınlarında joqarı ha’m orta arnawlı oqıw orınlarına mo’lsherlengen bir qatar oqıwlıqlar, oqıw qollanbaların ha’m basqa da a’debiyatlardı basıp shıg’ardı.

1996 jılı O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ «O’zbekstan Respublikası Prezidenti qasındag’ı Ma’mleket ha’m ja’miyet qırıw akademiyası qasında «O’zbekstannın’ jan’a tariyxı orayın du’ziw» haqqındag’ı pa’rmanı ja’riyalandı. Bul hu’jjetke ko’rsetilgen ma’selelerdi sheshiw maqsetinde 1996 jıl 16-dekabrde O’zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin’ qararı qabıl etildi ha’m O’zbekstan Respublikası tariyxına tiyisli a’debiyatlar, oqıw qollanbalar,

bag'darlama ha'm oqıwlıqlardı ekspertizadan o'tkeriw ha'mde baspadan shıg'arıwdı muwapıqlastırıw maqsetinde arnawlı komissiya tastıyıqlandı. Bulardın' ha'mmesi xalqımızdın', a'sirese jas a'wlatın' tariyxıy sanasın jan'asha ko'z-qarasta qa'liplestiriwde u'lken a'hmiyetke iye. Endilikte jaslarımız mektepler ha'm joqarı bilim orınlarında o'zlerinin' janajan tariyxların u'lken qızıg'ıwshılıq penen u'yrenip Spitamen, Muhanna, Temur Malik, Jalaladdin Manguberdi, Dukshi İyman sıyaqlı milliy qahramanlardın' iskerlikleri menen tanıspaqta. O'tmishimizdin' ko'plegen qırraları hu'jjetler, qol jazba materiallar, ilimiy derekler tiykarında jarıtılmaqta. Ja'ne de sonı maqtanısh penen aytıw mu'mkin, g'a'rezsizlik sebepli biz g'a'plet uyqısınan oyandıq, ma'mleketimizde ullı allamalar, oyshıllar, alımlardın' yubileylerin belgilew, olardı yadqa alıw haqıyqıy da'stu'rge aylanıp, ra'smiy tu's alıp barmaqta.

«Ulug'bek tuwılg'an ku'ninin' 600 jıllıg'ı-dedi İ.A.Karimov, -du'nyanın' ko'plep ma'mleketlerinde belgileniwi biz ushın ju'da' quwanıshlı. Biz bul waqıyalardı du'nya xalıqlarının' Mırza Ulug'bekke ha'm onı kamalg'a jetkergen jurtqa, xalıqqa ha'm onın' tariyxına hu'rmet dep bilemiz»[a'].

O'z tariyxı ha'm a'wladların bilgen xalıqtın' keleshegi a'lbette ullı boladı. Sonın' ushında ullı alım ha'm oyshıllarımızdın' yubileylerin o'tkeriw ma'mleket siyasatına aylanıp ketken.

Bug'an mısal sıpatında Tashkentte 1991 jıl 28-sentyabrde A.Nawayı ha'ykeli ha'm onın' atındag'ı milliy baqtın' ashılıwın esletip, Prezidentimizdin' to'mendegi so'zlerin keltiriwimiz mu'mkin: «Bug'an biz babamız ruwxı aldında teren' ta'zim eter ekenmen, onnan aldın' da ha'm onnan keyin o'tken ullı zatlardın' ruwxlarıda shad boladı, dep u'mit etemiz»[g'].

Ullı ma'mleket qurıw, du'nyada o'zimizge mu'na'sip orındı iyelew.Al Beruniy, İbn Sino, Muhammad Xorezmiy, Axmed Ferg'aniy, Al-Buxariy, At-Termiziy, Amir Temur, Mırza Ulug'bek, Bahawaddin Naqshband, Alisher Nnawayı, Babur Mırza sıyaqlı babalarımızdın' biybaha miyrası basımızdı ba'lent, qa'ddimizdi tik qıladı, xalqımızdın' ku'shine-ku'sh, g'ayratına-g'ayrat, isenimine janede bekkemleydi. Abu İso Muhammed İbn İso-at Termiziy tuwılg'anının' 1200

jıllıg'ına bag'ıshlang'an xalıq aralıq ilimiy konferentsiya qatnasıwshılarına (1990 jıl 14 sentyabr) jibergen qutlıqlawında Prezidentimiz ullı alım, hadis iliminin' iri wa'killerinen biri bolg'an watanlasımız at-Termiziydin' du'nya ilimi tariyxına qosqan u'lesin joqarı bahalap bılay deydi: «Bu'gingi ku'nde Termiziydin' ruwxıy miyrasları tek g'ana dindarlar arasında emes, ba'lki du'nyanın' ilim qa'nigeleri arasında da o'z qa'dirin tappaqta. Onın' shax shıg'armalarınan «Kitab al jome al-Saxix» ha'zirge shekem hadis iliminin' tiykarg'ı dereklerinen biri esaplanadı. Demek tariyxtı u'yreniwden tiykarg'ı maqset xalqımızdın' aldın'g'ı da'stu'rlerinen bu'gingi ku'n ushın za'ru'r sabaq alıw.

Farabiydin' ja'miyetlik-filosofiyalıq pikirlerin u'yreniwde Abdulla Qadiriy atındag'ı xalıq miyrası baspası ta'repinen 1993 jılı basılg'an «Abu Nasr Farabiy Fazıl adamlar shahri» kitabı u'lken a'hemiyetke iye. Bul kitapta ullı alımnın' «Arastu falsafasi», «Fozil adamlar shaxri», «İlmilerdin' kelip shıg'ıwı twg'risida» sıyaqlı shıg'armalarınan u'lgiler kirgizilgen. 1991-1997 jıllar ishinde Qomuslar bas redaktsiyası Muhammed İbn İsmail al-Buxariy «Hadis»nin' 4-tomın baspadan shıg'ardı.

İmam-al Buxariydin' islam a'leminde Qurani Ka'rimnen keyingi muhaddes kitap esablanatug'ın «Al-Jome as-saxix»nın' o'zbek tilinde xalıqımızg'a jetkeriliwi u'lken waqıya bolıp, diniy isenimizdi ha'mde ruwxıy qa'diriyatlarımızdı tikklewde, adamlarda a'dep-ikramlıq, hadallıq, rasgo'ylik, pa'klik sıyaqlı ulıwma insanıy pa'ziyletlerdi qa'liplestiriw ha'm bekkemlewde u'lken a'hmiyetke iye.

1991 jılı G'afur G'ulom atındag'ı a'debiyat ha'm iskusstvo baspası Axmed Yassawiydin' «Hikmetler» in basıp shıg'ardı. Sol jılı «Temur tuzukleri» de baspadan shıqtı.

Bul shıg'armada Amir Temur ha'm 1242-1409 jıllar arasında maverennaxrdın' ja'miyetlik-siyasatı awhalı, qon'sı ma'mleketler ha'm xalıqlar menen o'z-ara qatnasıqlar, a'skeriy ha'reketler, ta'rtip-qag'ıydalar sıyaqlı ken' ma'selelerdi o'z ishine alg'an. Bul shıg'arma tariyxıy o'tmishti biliwde Amir Temur tiykar salg'an oraylasqan saltanattın' du'ziliwi, du'nyag'a atı shıqqan

Temur armiyasının' quramı ha'm basqa ma'selelerdi u'yreniwde a'hmiyetli derek rolin atqaradı.

1996 jıl 18 oktyabr ku'ni tashkentte Temuriyler da'wiri tariyxı muzeyinin' ashılıwı, sol ku'ni Prezidentimiz Samarqand ha'm Shaxrisabzda Saqıpqıran ha'ykelin ashıwı ha'm bul meresimlerde so'ylegen so'zleri g'a'rezsizlikke erisken xalqımız tariyxının' jarqın betlerin quraydı. Respublikamızda uzaq o'tmishleslerimiz bolg'an ullı insanlar menen bir qatarda jaqın tariyxımızda xalqımız ushın pidayı xızmet etken insanlar, ma'mleket arbabları, jazıwshı, alımlar ha'm basqa insanlardı qa'dirlew de u'lken jumıslar islenbekte. 1992 jılı noyabr ayında belgili ma'mleketlik isker Sharap Rashidov tuwılg'anının' 75 jıllıg'ına bag'ıshlang'an ushırasıw bolıp o'tti. Onın' nahaqtan qaralang'an ullı atı ja'ne tiklendi. 1993 jılı G'afur G'ulamnın' tuwılg'anının' 90 jıllıg'ı ken' belgilendi. 1999 jılı xalıqımızdın' su'yikli shayırası Zulfiyanın' 80 jıllıg'ı ken' tu'rde belgilendi. Prezidentimiz baslaması menen o'tkerilgen bul ilajlar u'lken ta'rbiyalıq a'hmiyetke iye.

Prezidentimiz o'zinin' «Joqarı ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» atlı kitabında, «Tek o'zinin' qosıqları menen g'ana emes, ba'lki pu'tkil o'miri menen o'zbek hayalının' ma'nawiy kelbetin sa'wlelendirgen ataqlı shayırımız Zulfiyaxanımdı men pidayı insanlar qatarına qosqan bolar edim. Onın' ja'ha'n minberlerinen jan'rag'an qosıqları Shıg'ıs hayalının' aqılı, pa'ziyleti-kamalatının' jarqın sa'wleleniwi sıpatında millionlap poeziya ıqlasbentlerine adamiylıq, muhabbat ha'm sadaqattan sabaq bergen, desek, asıra aytqan bolmaymız»[4]-dep ta'riypleydi.

Xalıqtın' ma'nawıy qa'diriyatları, ma'nawiy miyrası mın' jıllar dawamında qu'diretli ma'nawiy azıq bolıp xızmet etken. Uzaq waqıt dawamında qatan' sheklewlerge eziliwlerge qaramay O'zbekstan xalqı a'wladtan-a'wladqa o'tip kiyatırg'an o'z tariyxıy ha'm ma'deniy qa'diriyatların ha'm de o'zine ta'n da'stu'rlerin saqlap qalıwg'a eristi.

[4] İ.Karimov. «Yuksan manaviyat – engilmas kuch»., T., «Manaviyat», 2008 yil, 166 bet.

Biz ma’nawiy qa’diriyatlardı tiklew milliy o’zligimizdi an’lawdın’ o’siwinen, xalıqtın’ ma’nawiy bulaqlarına onın’ tiykarına qaytıwdan ibarat o’zinshe ta’biyiy qubılıs dep esaplaymız.

Xalqımız siyasiy g’a’rezsizlik ha’m azatlıqtı qolg’a kirgizip, o’z tag’dirinin’ nag’ız iyesi, o’z tarıyxının’ do’retiwshisi, o’zine ta’n milliy ma’deniyatının’ biylik etiwshisine aylandı. Biraq, sonı da aytıp o’tiw kerek, ma’nawiy qa’diryatlardı ha’m biz ushın mukaddes bolg’an diniy qa’diriyatlar ha’m da’stu’rlerdi qaytarıw ha’m tiklew, o’zimizdi an’law bir qansha qıyınlaw sharayatta eski imperiya du’zimi tas-talqan bolg’an ha’m jana siyasiy qatnasıqlar qarar tawıp atırg’an bir jag’dayda ju’z berdi.

Tariyx esteligi, xalıqtın’, janajan u’lkenin’, ma’mleketimiz o’tmishinin’ qalıs ha’m xakıykıy tariyxın tiklew milliy o’zligimizdi an’lawdı, eger kerek bolsa, milliy da’stu’rlerimizdi tiklew ha’m o’siriw barısında og’ada a’hmiyetli orındı tutadı. Tariyx millettin’ haqıyqıy ta’rbiyasına aylanıp barmaqta. Ullı ata-babalarımızdın’ isleri ha’m ma’rtlikleri tariyxıy yadımızda janlandırıp jana puxaralıq sana-sezimdi bayıtpaqta. A’dep-ikramlılıq ha’m u’lgi mektebine aylanıp atır.

Tariyxıy ta’jiriybe, da’stu’rlerdin’ miyras bolıp o’tiwi- bulardın’ ba’ri jan’adan-jan’a a’wladlardı ta’rbiyalaytug’ın qa’diriyatlarg’a aylanıwı lazım. Bizin’ ma’deniyatımız putkil insaniyattı o’zine tartıp kiyatırg’an oray bolıp qalg’anlıg’ı sır emes. Samarqand, Buxara, Xiywa tek alımlar ha’m ko’rkem-o’ner ıqlasbentleri ushın g’ana emes, balki tariyx ha’m tariyxıy qa’diriyatlar menen qızıg’atugın ha’mme adamlar ushın zıyarat etetugın orınga aylang’an.

Xalqımızdın’ etnik, ma’deniy ha’m diniy sabırlılıg’ı ma’nawiy oyanıwdın’ ja’ne bir tawsılmas bulag’ı. Mın’ jıllar dawamında Oraylıq Aziya og’ada ha’r kıylı dinler, ma’deniyatlar ha’m turmıs keshiriw qa’biliyetleri tutasqan tınısh tatıw jasag’an oray bolıp keldi. Etnik sabır-taqat, ken’peyillik, turmıs boranlarınan aman qalıw ha’m rawajlanıw ushın za’ru’r ta’biyiy normag’a aylandı. Ha’tte bul a’tiraplardı basıp alg’anlarda da Oraylıq Aziya xalıqlarının’ ma’deniyatı aldın’da bas iyip g’ana qoymastan, onın’ en’ bahalı da’stu’rlerin, bul jerde payda bolg’an ma’mleketshilik elementlerin asırap-abaylap qabıl etti.

Bizin’ ja’miyetlik o’mirimizdi refomalastırıw ha’m jan’alaw baslanıp ketkenligi sebepli ma’nawiy ma’deniyattın’ qu’diretli qatlamları ashıldı. Olar xalıq ma’nawiy watansuyiwshilik, milliy maqtanıshımız, pu’tkil du’nya ushın qushag’ı, ken’ pazıyletlerge qaray keskin o’zgertip jiberdi. Bul bolsa xalıq ma’nawiyatı qu’diretinin’ birinshi belgisi bolıp tabıladı. Bul ma’nawiyat sol da’rejede jarqın ha’m o’zine ta’n ku’shke iye, ol integratsiyadan hesh qorıqpaydı, kerisinshe du’nya ja’miyetshiliginin’ o’zinshe bir bo’legine aylanıwg’a ha’reket etpekte.

G’a’rezsizligimizdin’ o’tken jıllarının’ en’ a’hmiyetli juwmag’ı barlıq xalıqlar ushın “Ulıwma u’yimizge” tiykar salıng’anlıg’ı jan’a ko’p elatlı birlik ju’zege kelgenligi boldı.

Xalıqımız ma’deniyatının’ ulıwma xalıqlıq mag’ızı, a’dep-ikramlılıq, ma’nawiy qa’diryatlarının’ ha’m milliy o’zligimizdi anlawdın’ tikleniwi usı birliktin tiykarın kuraydı.

Xalqımız ma’nawiyatının’ tikleniwi millettin’ a’dep-ikramlılıq qa’diriyatlarının’ qa’liplesiwi teren’ milliylik penen ulıwmainsanıylıq u’zilmes bolıp baylanısıp qalg’an qubılıs. O’zbekstanda jasap atırg’an xalıqlar, o’zgesheligin joyıtpaytug’ın halda, ulıwma ma’nawiyatqa, minez-qulıq filosofiyasına iye bolıp atır. Bul g’a’rezsizlik jılları dawamında milletler aralıq tatıwlıq sag’ası bolıp kelgen birden-bir a’dep-ikramlılıq tutqasın payda etti.

Ja’miyettin’ diniy-ma’nawiy tiykarların, xalqımızdın’ mın’ jıllıq a’dep-ikramlı qa’liplesiwi ta’jiriybesin o’zine ja’mlegen İslam ma’deniyatın tiklew o’z tag’dirin o’zi belgilew, tariyxımızdı este tutıw, ma’deniy tariyxıy birlikke iye bolıw jolındag’ı u’lken a’xmiyetli qa’dem boldı. Eski meshitler qayta tiklenbekte ha’m jan’aları payda bolıp atır. Oqıw orınlarının’ tarmag’ı ken’eyip atır. İslam milliy da’stu’rlerinin’, İslam ma’deniyatının’ tikleniw barısı İslamdı sırttan ha’r qanday “import” etiwden waz keshiw, islamg’a siyasiy tu’s beriw ha’m siyasatqa islam ma’nawiyatın bag’ıshlawdan waz keshiw tuwrı ekenligin ko’rsetti.

Ma’nawiy tikleniw insannın’ jerge ha’m onın’ baylıqlarına bolg’an qatnasıqlardı da o’z ishine alıwı lazım. Tsivilizatsiya belgilerin asırap-abaylaw qanshama za’ru’r bolsa, awıl xojalıg’ı mın’ jıllar dawamında putkilley

suug'arılatug'ın diyxanshılıqka tiykarlang'an regionda jer ha'm suwdı abaylap asırawda og'ada a'xmiyetli jer, xawa, suw ha'm quyash Oraylıq Aziyada erteden qa'dirlenip kelingen, ata-babalarımızdın' zoroastrizmnen tartıp islamga deyin bolg'an barlıq dinler tarmag'ınan mu'na'sip qa'dirlep kelingen.

Ma'nawiy qa'diryatlardın' tag'ı bir ku'diretli bulag'ı da'stu'riy shan'araq ha'm ag'ayın-tuwısqanshılıq qatnasıqları etikasınan ibarat. U'lkenlerdi xu'rmet etiw, o'z-ara ja'rdem beriw, keleshek a'wlad haqqında g'amxorlıq etiw bar ha'm onın' tiykarg'ı qag'ıydaları bolıp qalg'an. Tilekke karsı, bul qa'diryatlarg'a da sovet dawirinde a'dewir zıyan tiygizdi.

Shan'araq qa'diryatları ha'm tuuısqanlıq qatnasıklardın' qayta tikleniwi o'z o'mirin tamam eteyin dep turg'an shan'araq urıw qatnasıqların ma'n'gilestiriw emes, al ha'r bir shan'araqtın' ekonomikalıq, ma'deniy ha'm ka'sip tan'lawının' erkin bolıw imkaniyatın an'latıwı kerek.

Ma'nawiy qa'diryatlardın' tikleniwi olardın' ha'zirgi du'nya ha'm xabar tsivilizatsiyası qa'diryatlarına beyimlesiwin de anlatadı. Biz ha'zirgi tsivilizatsiya o'zinde ja'mlestiretug'ın qa'diryatlar esabınan huqıqıy demokratiyalıq ja'miyet qurıw qubılısı menen baylanıslı bolg'an qa'diryatlardı kirgizemiz. Bul insan huqıqların qorg'aw, isbilermenlik erkinligin, baspa so'z erkinligi ha'm t.b.

Usı demokratiyalıq qa'diryatlar ja'miyetimiz ushın u'lken axmiyetke iye ekenligi haqqında ga'p eter ekenbiz, bul qa'diryatlar tariyxıy jaqtanda, etnik ma'deniy jaqtanda xalqımızdın' o'zine ta'n da'stu'rlerine qayshı emesligin qayta-qayta eskertiwdi qa'ler edik, sonın' menen birge, kishi biznes, jeke isbilermenlik, erkin sawda, sotsiallıq a'dalat, o'z-ara mu'na'sebet ha'm basqalardın' pikirine hu'rmet penen qaraw degen tu'sinikler bizin' jerimizde tariyxıy tamırlarına iye.

Ma'nawiy tikleniw-pikirlew pazıyletin g'a'rezsizlik ma'nawiyatı belgileytug'ın jana a'wladka tiyisli do'retiwshilik zıyalılarının' payda bolıwı degen so'z. Bizin' tu'sinigimizshe, qatıp qalg'an eski dogmalardan waz keshiw, o'z tariyxıy o'tmishimizden waz keshiw degen ga'p emes. Bul bir ta'repleme ha'm kelte pikirlewden waz keshiw demek. Milliy oy-pikir o'z rawajlanıwında ma'deniy qubılıs wazıypalarına du'nya shen'berinde qatnas jasawdı, basqa xalıqlardın'

ta’g’diyri, olardın’ o’z-ara qatnasları menen jaqınnan qızıg’ıwı, insan turmısının’ en’ teren’ine jetip barıwı, milliy talaplarımızdı esapka alıwı kerek.

Demokratiyalıq jamiyetti ulıwma insanıy ha’m milliy qa’diriyatlarsız qurıp bolmaydi. Qa’diriyatlar haqqında pikir ju’ritkende onın’ eki quramlı bo’legin na’zerde tutıw kerek. Bunda, en’ da’slep, insannın’ obektiv a’lemge qarata bolg’an aktiv iskerligin ayrıqsha analiz etiw za’ru’r. Ulıwma insanıy qa’diriyatlar tu’sinigine materiallıq ha’m ma’nawiy jag’day, jasaw sha’rt-sharayatlarının’ rawajlanıwı ha’m miyraslıq payda bolıp, jan’a-jan’a qa’diriyatlardın’ qa’liplesiwine o’tiwden miyras bolıp qalg’anları bolsa da’wir ruuxı, jan’a sotsiallıq talap ha’m rawajlanıw ushın tiykar bolg’an qa’diriyatlarg’a kiredi. Ulıwma insanıy qa’diriyatlardın’ tiykarg’ı wazıypası a’lemdi biliw ha’m onı a’meliy o’zgertiwdin’ a’hmiyetli belgisi bolıp tabıladı.

Ulıwma insanıy ha’m milliy qa’diriyatlar printsipleri uyg’ınlıg’ı salıstırmalı analizi onın’ insan ma’nawiy ka’milliginin’ a’hmyetli belgisi ekenliginen kelip shıg’ıwı za’ru’r. Bug’an:

Prezidentimizdin’ “G’a’rezsizlikke eriskenimizden keyin g’ana bizler ullı ata-babalarımızdın’ hu’rmetin ornına qoya aldıq. Bizlerdin’ bul umtılıwlarımızdı Oraylıq Aziyadag’ı qon’sılarımız, ma’deniy xalıq aralıq ja’miyetshilik qollap-quwatladı. Bul hal tosınnan emes — saqıpqıran Amir Temur shaxsı onın’ awladları bolg’an tek bizlerdin’ emes, al aymag’ımızdag’ı barlıq xalıqlardın’, pu’tkil ma’ripiy insaniyattın’ baylıg’ı bolıp tabıladı” degan pikirleri ha’r bir millet rawajlanıwındag’ı tariyxıy waqıyalar, og’an unamlı u’les qosqan shaxslar ha’m milliy qa’diriyatlar qatarına kiriwin an’latadı.

Xalqımızdın’ keleshegi, en’ da’slep onın’ o’zine, ma’nawiy qu’diretine ha’m milliy sanasının’ do’retiwshilik ku’shine baylanıslı. Bizlerdin’ qa’diriyatlarımızdı ha’zirgi ulıwmainsanıy demokratiyalıq ja’miyettin’ qa’diriyatları menen uyg’ınlastırıw keleshekte tag’ı da gu’lleniwdin’, ja’miyetimizdin’ du’nya ja’miyetshiligine qosılıwdın’ girewi bolıp tabıladı.

Tariyxımız, ma'deniyatımız, qa'diriyatlarımızdı ulug'law tiykarında ruwxıyattı ba'lent saqlaw jas a'wladtı milliy da'stu'rlerimiz negizin de ta'rbiyalaw g'a'rezsiz ma'mleketimizdin' bas maqsetlerinen esaplanadı.

## II. 2. Milliy, ma'deniy ha'm tariyxıy qa'diriyatlar g'a'rezsizlik ideologiyasın qa'liplestiriwdin' ruwxıy deregi.

Milliy g'a'rezsizlik ideologiyasının' ruwxıy tiykarı -bul xalqımızdın' bay tariyxıy, ruwxıy, a'dep-ikramlılıq miyrası, qa'diriyatları, onın' ajıralmas bo'legi-islam ag'artıwshılıg'ı, , erkin pikirler, ruwxıy jan'alanıw, morallıq pa'kleniw, tazalanıwg'a umıtılıwshılıqtan ibarat.

Oraylıq Aziya ha'm Shıg'ıs Turkstan ruwxıy ma'deniyatının' tariyxıy miyraslarının' qa'liplesiwinde salmaqlı ornı bar. Abu Nasır Farabiy, Abu Ali İbn Sino, Abu Rayxan Beruniy, Abu Abdullah Al Buxariy, Al Xorezmiy,Yusup Has Hajıb,Maxmud Qashqariy, Amir Temur, Alisher Nawayı, Berdaq, Babur, Mashrab h.t.b. ullı allamalar du'nyalıq ulıwma insanıylıq qa'diriyatlarg'a salmaqlı u'les qosqan edi. Olardın' ha'r birinin' ruwxıy miyrası bizin' milliy ideologiyamızdın' tariyxıy deregi ha'm sag'ası bolıp esaplanadı. Mısalı Yusup Xas Xajibtın' «Qutadg'u bilig» (bilimler bulag'ı, baxıt sadat keltiriwshi bilim) shıg'armasında biz ko'birek tu'rkiy tillerdi u'yreniw deregi sıpatında qarap kelgen edik. Biraq onda tariyxıy, filosofiyalıq, a'dep-ikramlılıq, siyasat, sotsiologiya ha'm basqada ma'seleler ushırasadı. Ma'mlekettegi ta'rtipler lawazım, u'rp-a'detler, huqıqıy, ruwxıy, a'dep-ikramlılıq, adamlar arasındag'ı mira'siybetlerge toqtap o'tiledi. Bunday mısallardı ja'ne ko'plep avtorlardın' miynetlerinen keltiriwimiz mu'mkin. Oraylıq Aziya oyshıllarının' sonın' ishinde Qaraqalpaq xalqının' ullı danıshpan shayırları Ku'nxoja, Berdaq, A'jiniyaz, O'tesh, Omar h.t.b. sol da'wirdegi aldına qoyg'an maqsetleri ha'm alg'a su'rgen ideyaları ha'zirde o'z ma'nisin ha'm mazmunın jog'altqan emes. Biz olardan ja'miyetimiz ideologiyasın qa'liplestiriwde ha'm bekkemlewde paydalanıwımız kerek.

İdeologiyamızdın' evolyutsiyalıq qa'liplesiwi ushın da'reklerge toqtasaq, olardı bizler a'yyemgi tu'rkiy xalıqlarının' qulpı tasları, taw qıyalarına jazıp

qaldırg'an jazıwlarında a'yyemgi muqaddes kitaplar, atap aytqanda «Avesto» da, Quranı Ka'rim, Ha'disler, Qabusnama tariyxıy da'reklerinen oqıp biliwimizge boladı. Oraylıq Aziya tariyxına tiyisli Qıtay, Hindstan da'rekleri, Grek tariyxının' kitapları, O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan xalıqlarının' tariyxıy, ruwxıy, ma'deniy miyrasları bay folklorları jazba a'debiyatın, ha'zirgi kitapların atap o'tsek boladı. Bular bolsa o'z gezeginde qa'liplesip atırg'an milliy g'a'rezsizlik ideologiyamızdın' tariyxıy ha'm ruwxıy tamırlarının' qanshelli teren'de ha'm ku'ta' bekkem ekenligin ko'tsetedi. Ha'zirgi ku'ndegi qa'liplesip atırg'an O'zbekstan demokratiyalıq puqaralıq ja'miyet qurılısında xalqımızdın' neshe mın' jıllıq tariyxıy ha'm ruwxıy rawajlanıw ta'jriybesine, milliy ma'mleketshiligimizdin' negizlerine, ruwxıy miyrasımızdın' tamırlarına, milliy o'zgesheligimiz ha'm ku'ta' bay u'rp-a'detlerimizge su'yenemiz.

Adamlardın' sana-sezimin oyatıw ushın, ruwxıy ma'deniyatın rawajlandırıwmız kerek. Olardı ulıwma insanıylıq maqsetlerge qaray bag'darlawımız tiyis. Bunın' ushın,a'lbette, milliy ideologiyanın' ma'nisin, maqsetin ha'm wazıypaların ken' tu'rde u'git-na'siyatlaw islerin ja'ne de jetilistiriw za'ru'r. Hesh bir ja'miyet ruwxıy ma'deniy imkaniyatların jetilistirmey, adamlar sanasında ruwxıy ha'm morallıq qa'diriyatlardı trawajlandırmay ha'm de bekkemlemey turıp o'zinin' keleshegin belgiley almaydı.

Sonın' ushında g'a'rezsizligimizdin' da'slepki ku'nlerinen baslap aq ata-babalarımız ta'repinen ko'p a'sirler dawamında do'retip kelingen, ku'ta' ullı, biybaha ruwxıy ha'm ma'deniy miyraslarımızdı tiklew ma'mleketlik siyasat da'rejesine ko'terilgen og'ada a'hmiyetli wazıypa bolıp keldi.

O'zbekstan Respublikası g'a'rezsizlikke eriskennen keyin ruwxıylıq, bilimlendiriw, ma'deniyatqa u'lken itibar berilip bul tarawda teren' reformalıq ha'reketler a'melge asırılmaqta.

Bizin' turmısımızda ekonomikalıq reformalardı na'tiyjeli a'melge asırıw barısında ma'nawiyat birinshi da'rejeli a'hmiyet beretug'ın ja'miyetlik ha'diyse sıpatında ko'zge ilinbekte. Xalıqtın' ku'shi, en' da'slep onın' bay ruwxıy miyrasında. Ma'nawiy du'nyamız qanshelli bay bolsa, ja'miyette sonshelli abadan

boladı, kerisinshe, ruwxıylıq pa’seyse, ja’myette bara-bara to’menlep buzılıwına alıp keledi. Ma’nawiy bay xalıq hesh waqıtta o’zligin, ma’mleketshiligin jog’altpaydı. Ma’nawiyat ja’miyet ha’m millettin’ rawajlanıwının’ baslı ko’rsetkishi ha’m pardiywalı. Ma’nawiyat ha’r tu’rli ma’mleketler ha’m xalıqlardı jaqınlastıradı.

Ma’nawiyat bul ma’deniyatqa, bilimlendiriwge de baylanıslı tu’sinik. Ol insandı ka’malatqa jetkeriwge ha’m ja’miyettin’ rawajlanıwına da ten’dey bahag’a iye bolg’an qa’diriyat bolıp esaplanadı.

Ma’nawiyat ha’m ma’deniyat adamdı, insandı bir ta’repten ta’biyat penen, ekinshiden ja’miyet penen baylanıstırıwshı, og’an insanıylıq pa’ziyletlerin qa’liplestiriwshi en’ ta’sirshen’ tu’sinik. Ma’nawiyat ma’deniyattın’ ideyalıq tiykarı, ha’reketke keltiriwshi ku’shi, ma’deniyatlı, ruwxıylıg’ı joqarı da’rejede bolg’anadamlar payda etedi, rawajlandıradı ha’m jetilistiredi, a’wladtan a’wladqa o’tkeredi. Ma’nawiyat bul o’zin’di-o’zin’ ja’miyettegi o’z ekonomikalıq, huqıqıy sana da’rejesine ko’teriw, adamlardın’ a’sirese jaslardın’ sanasında a’dep-ekramlılıq ha’m ruwxıy tu’siniklerdi, insanıy ha’m demokratiyalıq baylıqlardı bekkemlew. Bunda o’zimizdin’ tariyxıy tamırlarımızdın’ anag’arlım teren’ an’law, bizin’ milliy da’stu’rlerimizdi, ullı babalarımız bizlerge qaldırıp ketken og’ada u’lken tariyxıy, ruwxıy ha’m intelektual miyrastı qayta tiklew og’ada rol atqaradı. Bul watandarlıq ilimdi, ma’deniyattı, milliy ko’rkem-o’nerdi ha’r ta’repleme rawajlandırıwdı da an’latadı.

Elimiz g’a’rezsizlikke eriskennen keyin jan’a da’wirge say keletug’ın ha’m ruwxıy jetisken, jetik insanlardı ta’rbiyalaw ma’selesi ku’n ta’rtibine qoyıldı. Bunday insan milliy ha’m ulıwma insanıylıq qa’diriyatlar tiykarında ta’rbiyalang’an, jan’a morallıq qa’siyetlerge iye bilimli, ilimli, a’dep-ikramlı, iymanlı o’zligin an’lap jetken, o’z Watanın su’yiwshi fizikalıq ha’m ruwxıy jaqtan salamat a’wlad ushın ta’lim-ta’rbiya beriw wazıypası qoyılg’an. Bul wazıypalardı orınlaw menen bir qatarda, xalıq ta’limin reformalawdın’, ag’artıw mekemelerinin’ rolin o’siriw, kadrlardı ta’rbiyalawdın’ milliy bag’darlamasın a’melge asırıw boyınsha aytarlıqtay jumıslar islenbekte. Xalıq ta’limi qashan payda bolg’an bolsa

ma'deniyat mekemeleri de sol waqıtta payda bolg'an. Eger tu'p tamırın alatug'ın bolsaq ta'lim-ta'rbiyanın' o'z ma'deniy-ag'artıwshılıg'ımızdın' tu'p sag'aları bolıp esaplanadı. A'sirlerden-a'sirlerge o'tip kiyatırg'an tariyxıy ha'm ma'deniy miyras ha'm qa'diriyatlar qayta tiklenbekte. Ma'deniyat, ruwxıylıq-ag'artıwshılıq jumıslarının' rawajlanıwında Tu'rkistanda ken' en jayg'an ja'didler ha'reketinin' ta'siri u'lken bolg'an. Patsha Rossiyası u'lkemiz xalıqların basıp alıp, olarg'a o'z zulımın o'tkeriwine, narazılıqların bildiriw ushın ha'r tu'rli ideyalar ha'm sho'lkemlerge birlesip bug'an qarsılıq bildirdi. Ja'didlerdin' belgili wa'killeri İsmayıl Gasperali, Bexbudiy F.Xudjayev, Munavvar Xori, Fitrat, A.Avloniy, S.Ayniy h.t.b. ziyalıllar bul ha'rekettin' basshılarınan esaplanadı. XX-a'sir basında Tu'rkistanda ja'didler ha'reketinin' ilim-bilim ma'deniyat taratıw jolındag'ı ideyaları is ju'zinde a'melge asırılıwı ushın jan'a mektepler ma'deniy oraylar sho'lkemlestiriw, teatrlar kitapxanalar, oqıw u'ylerin ashqan edi. Watanımız tariyxı g'a'rezsizlik ma'mleket ushın xalqımız ta'repinen ko'p jıllar dawamında alıp barılg'an, milliy birlik, milliy azatlıq gu'resleri O'zbekstan Respublikasının' g'a'rezsiz ma'mleket dep ja'riyalanıwı ha'm onın' tariyxıy a'hmiyeti sıyaqlı ma'seleler tariyxshılarımızdın' dıqqat orayında turıwı lazım. Filosofiya pa'ni g'a'rezsizlik ideologiyası ha'm onı turmısqa engiziw jollarına, adamlardı joqarı ma'nawiyat tiykarında ta'rbiyalap, ha'r ta'repleme ruwxıy kamal taptırıw ma'selelerine, sonday aq milliy miyrasımız, qa'diriyatlarımız u'rp-a'det ha'm da'stu'rlerimizden, shıg'ıs filosofiyası ha'm islam ta'liymatınan o'nimli paydalanıp, adamlardı erkin ha'm g'a'rezsiz pikirlewge u'yretiwge ja'miyetti ilimiy-biliw ha'm ilimiy basqarıwg'a, milliy ha'm milletler ara qatnasıqlardı ja'ne de jetilistiriw sıyaqlı ma'selelerge itibarın ku'sheyttirmegi lazım.

Shıg'ıs filosofiyası ha'm İslam ta'minatında insannın' ta'lim-ta'rbiyası, a'dep-ikramlıg'ı haqqında ju'da' ko'p qımbatlı ma'sla'ha'tler, pikirler bar. Muqaddes Quranı Ka'rim ha'm Ha'disi Sharif insannın' ruwxıy kamalatı ushın u'lken derek ekenligi ha'mmemizge belgili. Shıg'ıs oyshılları, alım ha'm ulamaları ta'repinen a'sirler dawamında a'dep-ikramlıqqa tiyisli mın'lap kitaplar, hikmetler jaratılg'an..

Shıg'ıs filosofiyası ha'm islam ta'liymatında mu'riybet, adamıylıq sıyaqlı pa'ziyletler ba'rqulla ulıg'lanıp kelingen. Adamıylıq - bul adamnın' basqa adamlarg'a, ruw-qa'wimine mehir-mu'riwbet ko'rsetiwi, jaqsılıq etiwi, insanıylıq qatnasıqta bolıwdı talap etetug'ın pa'ziylet. Xalıq penen birge bolıw, og'an jaqsı ku'nlerinde de, basına tu'sken qaran'g'ı ku'nlerinde de birge bolıw, xızmet etiw mo'min musılman perzenti ushın en' u'lken baxıt esaplanıp kelgen. «Jaqsı turmıs ha'm uzaq jasaw ushın, xalıqtın' duwası, shadlıg'ınan jaqsıraq paspan ha'm qorıqlawshı joq» deydi Barxurdor ibn Mahmud.

Xalıqshılıq - barlıq insanlarg'a mehir-aqıbetli bolıw, olardı hu'rmet-izzet etiw menen shegaralanatug'ın qatnasıqlar g'ana emes, a'lbette. Xalıqshılıq-en' da'slep ha'r bir insan ta'repinen basqalarg'a paydası tiyetug'ın a'meliy ha'reket. Sol ko'z-qarastan qaraytug'ın bolsaq, ma'selen materiallıq sawg'alardı islep shıg'arıwshı ha'r bir miynetkesh ushın xalıqshıllıq-bul miynet o'nimdarlıg'ın asırıp xalqımız ushın za'ru'r bolg'an tutınıw o'nimlerin sıpatlı ha'm o'z waqtında jetkerip beriw.

Jazıwshılar, zıyalılar ushın xalıqshılıq o'zz shıg'armalarında xalıqtın' miyneti, turmısı, arzıw-u'mitlerin ko'rkem obrazda sa'wlelendirip, olardın' ishki du'nyasın bayıtıp, jetilisiwi, du'nya qarasın qa'liplestiriwge ko'meklesiwden ibarat. Alımlarımız ushın xalıqshılıq xalqımızdın' jaqsı turmıs keshiriwi ushın za'ru'r bolg'an na'rselerdi islep shıg'arıwdı ilimiy tiykarlap berip, adamlardın' sanası, ilimiy du'nya qarasın qa'liplestiriw.

Ma'mleket isleri ushın xalıqshılıq-bul en' da'slep ha'r bir insannın' huqıq ha'm erkinliklerin qorg'aw, olardın' talapların qandırıw, barlıq ja'miyetlik kepilliklerin atqarıw, ja'miyetlik-siyasiy turaqlılıq, tınıshlıq,milliy tatıwlıqtı ta'miyinlew.

Ma'mleketimizdin' ma'deniy-ruwxıy g'a'rezsizligin ta'miyinlewge jaslardı shıg'ısqa ta'n a'dep-ikramlıq, milliy qa'diriyatlar,u'rp-a'det ha'm da'stu'rlerimiz tiykarında ta'rbiyalaw u'lken a'hmiyetke iye. Bazar ekonomikası respublikamızg'a shet el ma'mleketlerinin' kapitalı, jan'a texnologiyası, zamanago'y basqarıw usılları menen bir qatarda olardın' ma'deniyatı, turmıs ta'rizi, du'nya qarası

sıyaqlılardı da alıp kelmekte. Sonın' ushın biz jaslarımızdı milletimizdin' izzet-na'psi, maqtanıshına tiyetug'ın ayırım namaqul jag'daylardan asırawımız kerek.

Ha'zirgi waqıtta respublikamız ha'm du'nya xalıqları turımısında ju'da' quramalı protsessler ha'm ha'diyseler ju'z bermekte. Olar ha'r bir adamnan juwapkershilikti, ziyreklikti, is-ha'reketlerin puxta oylap, uzaqtı ko'rip a'melge asırıwdı talap etedi. Bug'an siyasiy sawatlılıq arqalı erisiw mu'mkin. Joqarı ma'deniyatlı, ekonomikalıq, ja'miyetlik, siyasiy, ma'deniy-ruwxıy, ideyalıq-siyasiy jetik insan-ma'mleketimiz qa'wipsizligin, g'a'rezsizligin ta'miyinlewshi ku'sh ekenligin esten shıg'armawımız kerek.

G'a'rezsizlik sharapatı menen tiklenip, toqtawsız rawajlanıp atırg'an milliy ma'deniyatımızdın' ja'miyetimiz rawajlanıwın tezlestiriw,insandı ruwxıy a'dep-ikramlıq ta'repten ta'rbiyalaw ha'm kamal taptırıwda ornı ju'da' u'lken. Ja'miyetimizde ju'z berip atırg'an ruwxıy tikleniw, insannın' a'dep-ikramlıq, ideyalıq, siyasiy kamalatı ma'mleketimizde a'melge asırılıp atırg'an milliy oyanıw protsessleri menen tıg'ız baylanıslıg'ında. İnsannın' ruwxıy a'dep-ikramlıq kamalatı ju'da' ken', ko'p qırlı, mazmun-ma'nisi ta'repten teren' bolıp, o'z ishine ju'da' ko'plep tarawlardı qamrap aladı. Solardın' ishinde oraylıq orındı du'nya qaras ma'selesi iyeleydi.

Ullı a'wladlarımız ta'repinen jaratılg'an joqarı ma'deniyat ha'm ilimiy ashılıwlar ja'miyetimizdin' joqarı qa'diriyatı bolg'an insannın' du'nya qarasın qa'liplestiriw ha'm rawajlandırıwda u'lken a'hmiyetke iye.

Belgili, du'nyaqaras-bul adamlardın' a'lem ha'm onın' o'zgeriwi rawajlanıwı haqqındag'ı ilimiy, filosofiyalıq, siyasiy huqıqıy, a'dep-ikramlıq, estetik, diniy qaraslardın' jıyındısınan ibarat. Demek, du'nyaqaras a'lem haqqındag'ı ulıwmalastırılg'an bilimler toplamı. Adamlar a'tiraptag'ı na'rse ha'm ha'diyseler haqqında qansha ko'p mag'lıwmatqa bilimge iye bolsa, olardın' du'nya-qarası da sol da'rejede quramalı ha'm puxta boladı.

Du'nyaqarastın' ja'ne bir a'hmiyetli ta'repi sonnan ibarat ol insandı qorshap turg'an waqıyalıqtı an'law, tu'siniw menen bir qatarda onı bahalaw da. Du'nyaqaras qurmına adamlardın' a'lemdi biliw ha'm bahalawg'a ta'n bolg'an

isenimleri, niyet ha'm maqsetleri, arzıw-u'mitleri, olar iskerligine ma'lim bag'dar beriwshi barlıq qa'diriyatlar da kiredi. Mifologik, diniy, filosofiyalıq du'nyaqaras ja'miyetlik barlıqtın' sa'wlesi bolıp, ol belgili tariyxıy da'wirde insaniyat jaratqan bilimler da'rejesine ha'm de ja'miyetlik du'zimge baylanıslı boladı. İnsan iskerliginde ilimiy-filosofiyalıq du'nyaqaras tiykarg'ı rol oynaydı. Onın' o'zine ta'n ayırmashılıg'ı sonnan ibarat, ol adamlarg'a ta'biyat, ja'miyet, insan oy-o'risi rawajlanıwının' ulıwma nızamlıqları haqqında mag'lıwmat beredi.

Adamlar du'nyaqarasın qa'liplestiriwde, olarda ta'biyat, ja'miyet, insannın' kelip shıg'ıwı, rawajlanıwı haqqında bilimlerdin' payda bolıwında Oraylıq Aziya oyshılları ta'repinen jaratılg'an ilimiy-filosofiyalıq miyras u'lken baylıq g'a'ziynesi esaplanadı. Onnan o'nimli ha'm na'tiyjeli paydalanıw ha'zirgi waqıtta g'a'rezsiz ja'miyetimizdin' aldında turg'an a'hmiyetli wazıypa esaplanadı.

Filosofyalıq du'nyaqaras adamlarg'a ta'n bolg'an rastgo'ylik pa'klik, insanıylıq, watanpa'rwarlıq sıyaqlı joqarı pa'ziyletlerdi, a'dep-ikramlıq normalar ha'm qa'diriyatlardı ja'mlestiredi. Filosofiyalıq du'nyaqaras tiykarında, adamlar ja'miyettin' ta'biyat penen tıg'ız birligi, insan ha'm insaniyat ta'g'dirinin' ulıwmalıg'ı, tu'rli xalıqlar ma'deniyatının' ha'r qıylılıg'ı ha'm birligi haqqında isenim payda etedi.

İnsan ruwxıy jetilisiwinin' en' a'hmiyetli ko'rinisi ha'm za'ru'r sha'rtlerinen bir siyasiy ma'deniyattın' o'sip barıwında. Eger ha'r bir millet wa'killinde, ha'r bir insanda joqarı siyasiy sana, siyasiy blim ha'm ma'deniyat, siyasiy ziyreklik bolmasa g'a'rezsizlik turaqlı bola almaydı.

O'z erkin qolg'a kirgizgen ma'mlekette mlliy sana, ilimiy birlik tuyg'ısın qarar taptırıw ju'da' u'lken a'hmiyetke iye. Ruwxıy jetik insan o'zine ılayıq ko'rmegensti o'zgelerge de rawa ko'rmeydi. Watang'a ha'm milletke sadıqlıq ha'm ma'deniyatlılıq, ruwxıy jetiklik, a'dep-ikramlıq belgilerinen esaplanadı. Fizikalıq jaqtan ku'shli, biraq ruwxıy ta'repten jarlı adamlar insaniyat ushın paydadan ko're ko'birek zıyan keltiredi. Allamalarımız shıg'armalarında tastıyıqlang'anınday, insannın' ruwxıy jetilisiwinde fizikalıq ha'm dene

ta’rbiyasınan tısqarı a’deplilik ha’m go’zzallıq ta’rbiyasının’, sonday-aq ruwxıy diniy ta’rbiyanın’ da a’hmiyeti u’lken.

A’yyemgi ata-babalarımız kamil insan haqqında pu’tin bir a’dep-ikramlıq talaplar jıyındısın, zamanago’y tilde aytsaq, shıg’ısqa ta’n a’dep-ikramlıq kodeksin islep shıqqan. İnsan ha’m a’dalat tuyg’ısı, iyman ha’m halallıq-bular insan ruwxıy jetilisiwinin’ payda bolıw forması. Biz ha’zir milliy tikleniw da’wirinde jasap atırmız. Ha’r qanday milliy tikleniw milliy oyanıw tiykarında g’ana na’tiyjeli a’melge asadı. Milliy oyanıw tiykarınan ruwxıylıq tarawında, milliy sana, insannın’ ruwxıy, a’deplilik kamalatında ju’z beredi. Ruwxıy kamalat tek g’ana o’tmishti tolıq tu’sinip alıw g’ana emes, ba’lki keleshekke umtılıwdan da ibarat.

Rawajlanıw ta’g’dirin ruwxıy ta’repten jetik adamlar sheshedi. Texnikalıq bilim, quramalı texnologiyanı iyelew qa’bileti ruwxıy jetilisiwi menen, erkin pikir menen birge barıwı kerek. Oraylıq Aziya oyshıllarının’ shıg’armaların ha’r ta’repleme u’yrenip shıg’ıp, olardı ana tilimizge awdarıp, xalqımızg’a jetkerp beriw, respublika alımlarının’ aldında turg’an birinshi wazıypa bolsa, Shıg’ıs filosifiyası ha’m islam ta’liymatındag’ı milliy qa’diriyatlarımızg’a tiykarlang’an jan’a, zamang’a say oqıwlıqlar, oqıw qollanbalardı jaratıp, jas a’wladtı milliy qa’diriyatlar tiykarında ta’rbiyalawdı jolg’a qoyıw ekinshi wazıypa dep biliwimiz kerek.

Qa’diriyatlar u’lken ta’rbiyalıq a’hmiyetke iye. Qa’diriyatlardın’ mazmunın biliw, olarg’a isenim, ıqlas qoyıw jaslarda milliy maqtanısh, watansu’yiwshilik, milliy birlik, tuyg’ısın qa’liplestiriwde, insanıylıq, hadallıq, miynetsu’ygishlik, pa’klik, pa’ziyletlerin kamal taptırıwda u’lken a’hmiyetke iye. O’zbekstan g’a’rezsiz rawajlanıw jolına o’tken ha’zirgi sharayatta Watanpa’rwarlıq ta’rbiyası u’lken a’hmiyetke iye. Watanpa’rwarlıq-o’z Watanın hu’jdannan su’yiw, onın’ rawajlanıw jolı ha’m keleshegin an’lap alıw, ma’plerin ha’mme tarawlarda da qorg’awda ha’m pıdayılıq ko’rsetiwde. Bul barada u’lkemiz tariyxında u’lgi alatug’ın, u’lken ta’rbiyalıq a’hmiyetke iye bolg’an ko’plep qa’diriyatlarımız bar. Pa’n, ma’deniyat, a’meliy miynet bilimlerin teren’ iyelep, Ana-jurt abrayın a’lemge jayıw da Watanpa’rwarlıq.

A’dep-ikramlıq ta’rbiya barısında da milliy qa’diriyatlarımız u’lken orın iyeleydi. Xalqımızda shan’araq, ja’ma’a’tshilik ortasında bala ta’rbiyasın a’melge asırıwda u’lken ta’jriybe bar. Bul ta’jiriybe a’sirler dawamında sınawdan o’tip, milliy qa’diriyatqa aylanıp ketken. Bul qa’diriyatlar balalarda miynetsu’yiwshilik, insanpa’rwarlıq, halallıq, ata-ananı, u’lkenlerdi hu’rmet etiw, kishilerdi izzet etiw, kishipeyillik sıyaqlı pa’ziyletlerdi ta’rbiyalawg’a ja’rdem beredi. Milliy pedagogikanın’ bul baradag’ı miyrası da ullı qa’diriyat. Ekologik ma’deniyattı qa’liplestiriwde milliy ta’rbiya da’stu’rlerine ta’n qa’diriyatlardın’ a’hmiyeti u’lken.

**II. 3. Milliy ruwxıy qa’diriyatlardın’ ideyalıq a’hmiyeti.**

Prezidentimiz İ.A.Karimov tastıyıqlag’anınday «g’a’rezsizligimizdin’ da’slepki ku’nlerinen aq ata-babalarımız ta’repinen ko’p a’sirler dawamında jaratıp kelingen u’lken, biybaha ruwxıy ha’m ma’deniy miyrastı tiklew ma’mleket siyasatı da’rejesine ko’terilgeni og’ada a’hmiyetli wazıypa bolıp qaldı»[a’].

Na’tiyjede xalqımız siyasiy g’a’rezsizlik ha’m azatlıqtı qolg’a kirgizgennen keyin, o’z ta’g’dirinin’ nag’ız iyesi, o’z ta’g’dirinin’ do’retiwshisi o’zine ta’n milliy ma’deniyatının’ iyesine aylandı. G’a’rezsizlik bizlerdin’ milliy-ruwxıy tamırlarımızdın’ og’ada teren’ ha’m bekkem ekenligin ashıq-aydın ko’rsetip berdi. U’lkemiz alımları tek g’ana ta’biyiy ilimler emes, ba’lki ja’miyetlik-gumanitar pa’nler tarawına (filosofiya, logika, huqıq, ko’rkem-o’ner, tariyx) da o’zlerinin’ ilimiy mekteplerin jaratıp ja’ha’n ma’deniyatın rawajlandırıwg’a salmaqlı u’les qosıp kelgen.

A’sirler dawamında xalqımızdın’ joqarı ruwxıyatı, a’dalatlıq, ag’artıwshılıq sıyaqlı pa’ziyletleri Shıg’ıs filosofiyası ha’m islam dini ta’liymatı menen tıg’ız ra’wishte rawajlanıp kelgen. Endilikte bizin’ wazıypamız a’ne sol da’stu’rdi ja’ne de rawajlandırıp o’z xalqımız sana-sezimine mas, tu’sinikli ha’m jaqın bolg’an Shıg’ıs filosofiyası menen bir qatarda islam ta’liymatınan o’nimli paydalanıwımız lazım. İslam ta’liymatı mın’ jıllar dawamında xalqımız jaratqan bay ma’deniy ideologiyalıq miyras, onın’ ja’miyetimiz rawajlanıwındag’ı unamlı rolin biykar etip bolmaydı. Akademik İzzet Sultannın’ tastıyıqlag’anınday, «Diniy isenimlerge

ken’ jol ashılg’an, din bizin’ ma’deniyatımızdın’ ajıralmas bo’legi bolıp qalg’an bu’gingi ku’nde bizge diniy isenim menen suwg’arılg’an Allahtı tanıwg’a tiykarlang’an a’dep-ikramlıq za’ru’r.

Xalqımızdın’ pu’tkil tariyxı dawamında islegen, a’sirden-a’sirge bayıtıp ha’m jetilisip barılg’an a’deti bu’gingi ha’m keleshegimizdegi a’dep-ikramlılıq qag’ıydalarımızg’a tiykar bola aladı»[a’].

«Bizin’ keleshegi ullı ma’mleketimiz,-deydi İ.Karimov a’ne usı filosofiyag’a uyg’ın halda, Xoja Axmed Yassaviy, Xoja Bahawaddin Naqshband, İmam al-Buhariy, İmam at-Termiziy, Amir Temur, Mırza Ulug’bek, Alisher Navayı, Babur Mırza sıyaqlı ata-babalarımızdın’ dana pikirlerine uyg’ın halda qa’liplesiwi lazım»[g’].

G’a’rezsizlik bizge ruwxıy mu’lkimizdi, tariyxımızdı, ullı babalarımız ruwxın shad etiw imkaniyatın jatarıp berdi. G’a’rezsizlik sebepli tariyxımızg’a qatnasıq unamlı ta’repke o’zgeredi. Bu’gingi ku’nde ullı babalarımız İmam al-Beruniy, İmam at-Termiziy, Xoja Axmed Yassaviy, Xoja Bahawaddin Naqshband, Najmaddin Kubronın’ insandı ruwxıy jetiklikke sharlawshı diniy, a’dep-ikramlıq ha’m huqıqıy hikmetleri qaytadan tiklene basladı.

Ma’nawiyat insannın’ turmıslıq ta’jiriybesi tiykarında qa’lilesip baradı. Ma’nawiyat insannın’ turmısı ha’m iskerligine maqset ha’m bag’dar beredi. Ma’nawiyat insang’a o’z xalqı tariyxın, onın’ ma’deniyatı ha’m wazıypaların teren’rek biliw ha’m tu’sinip jetiwge ja’rdemlesedi. İnsan ruwxıylıqsız jasay almaydı. Ma’nawiyat ayrıqsha bir insan ushın g’ana emes. Adamlar, xalıq, millet ushın da, ja’miyet ha’m onın’ rawajlanıwı ushın da og’ada za’ru’r ha’m a’hmiyetli. Ma’nawiyatsız insan bolmag’anınday ruwxıy pa’k ha’m jetilisken insanlarsız ja’miyet ha’m millet de bolmaydı. Ma’nawiyat insang’a ta’n bolg’an ishki, ruwxıy jag’day g’ana emes, ba’lki ja’miyet, ma’mleket millet rawajlanıwının’ tiykarg’ı bag’darlarının’ biri. «Ma’nawiyat - deydi jurtbasshımız,- insannın’, xalıqtın’, ja’miyettin’ ku’sh-qu’direti. Ol joq jerde hesh qashan baxıt-saadat bolmaydı».

O’zligin an’lag’an insan, o’zligin an’lag’an millet ullı ata-babalarının’ aqıl zakawatı menen ju’zege kelgen miyraslardı bilip aladı ha’m og’an mu’na’sip

bolıwg'a ha'reket etedi. Ma'nawiyat insan turmısın go'zzallastıradı, turmısına mazmun ha'm ma'nis bag'ıshlaydı. Joqarı ruwxıylıq ha'm ma'deniyat iyesi bolg'an insannın' qa'lbi pa'k boladı.

Ja'miyet rawajlanıwı to'mengi basqıshtan joqarı basqıshqa, o'tmishten keleshekke rawajlanıp barg'an sayın ja'miyetlik-ekonomikalıq, ma'deniy, siyasiy rawajlanıwda xalıq massasının' roli, g'ayratı artıp insan a'meliy iskerligi jedellesip baradı. Bul ulıwmainsaniyatqa ta'n nızamlılıq. Usı nızamlılıq tiykarında ja'miyetlik rawajlanıwda ken' xalıq massasının' tariyxıy protsesslerde a'hmiyeti artadı. Ha'r bir ja'miyet o'zine mu'na'sip bolg'an insan, shaxıstı ju'zege keltirgenindey, insan da sol ja'miyettin' payda bolıwı ha'm rawajlanıwına biyparıq qaramaydı. Shaxs sonın' menen birge qorshag'an ortalıqqa ta'sir ko'rsetiw, onı o'zlestiriw qa'blietine de iye.

Usılar qatarında biz shan'araq ta'rbiyasına da milliy qa'driyatlarımızdın' ta'sirine toqtap o'tiwimiz tiyis. Jaslarda watansu'yiwshilik tuyg'ıların qa'liplestiriw ha'm rawajlandırıwda shan'araq ta'rbiyası u'lken orın tutadı. Ja'miyettin', ma'mlekettin', insannın' keleshegi shan'araqtan baslanadı. Watan bul xalıqtın' o'tmishi, bu'gini ha'm keleshegi. Watan degende o'zimiz tuwılıp o'sken, ta'lim alg'an, er jetken, neshe-neshe awladlarımız jasap o'tken, olardın' miynetleri sarıp etilgen muqqaddes jurt ko'z aldımızg'a keledi. Watan bul ata jurt, ata-babalar ma'skanı, el-jurt, xalıq onın' tili, tariyxı, ma'deniyatı, u'rp-a'detleri, qa'diriyatları qa'liplesip, teren' tamır atın, o'sip kamal tawıp baratug'ın zamin. Watan muqaddes-qa'diriyat. Rawajlanıw Watannan baslanadı. Haqıyqıy jetik insan Watanının' rawajı ha'm keleshegi, el-jurtının' azatlıg'ı ha'm g'a'rezsizligi ushın ha'mme na'rseni joqarı qoyadı.

İnsanda ana jurtqa, watang'a muhabbat, keleshekke isenim tuyg'ıların qa'liplestiriw ha'm rawajlandırıwda ta'lim-ta'rbiyanın' a'hmiyeti u'lken. Joqarı ma'nawiyat, a'dep, iyman, isenim, insap-diyanat, jaqsı minez-qulıq insanda o'z-o'zinen payda bolmaydı. Ma'nawiyat insang'a ta'n qa'siyet, onın' ja'miyettegi turmısı, ta'rbiya miynet, turmıs ta'jiriybesi protsessinde qa'liplesip ma'nawiy mazmung'a aylanadı. Jaslarg'a beriletug'ın ta'rbiya qansha erterek baslansa, onın'

na'tiyjesi de sonsha ku'shli boladı. İnsan kamalatında ta'rbiyanın' a'hmiyeti og'ada u'lken. Xalqımızda du'nya ta'n berip kiyatırg'an a'jayıp insanıy pa'ziyletler, u'rp-a'detler ko'p. Xalqımızdın' en' a'yyemgi da'wirlerden baslap ha'zirgi ku'nge shekem dawam etip kiyatırg'an a'jayıp qa'diriyatlarımızdan ja'ne biri ata-ananı joqarı da'rejede qa'dirlew, hu'rmetin ornına qoyıwdan ibarat. Ata-ananı qa'dirlew, olardın' ten'siz-o'lshewsiz xızmetine sadıq bolıw, pa'tiyasın alıw balalardın' perzentlik parızı. Bul milliy qa'diriyatlarımızdın' en' a'hmiyetli talaplarınan biri. G'a'rezsiz O'zbekstan Respublikasının' tiykarg'ı nızamı Konstitutsiyasında a'dep-ikramlıq ma'selelesinde, perzentlerdin' ja'miet, semya ha'm de ata-anaları aldındag'ı, insanıy wazıypaları ha'm minnetleri neleden ibarat ekenligi milliy qa'diriyatlarımızdag'ı tiykarg'ı ideya ha'm qag'ıydalar da'wir talabına say belgilep berilgen. Onın' 60-statyasında, er jetken, miynetke jaramlı perzentler o'z ata-anaları haqqında g'amxorlıq qılıwg'a ma'jbu'r ekenligi jo'ninde aytılg'an.

G'a'rezsizlikke eriskenimizden keyin jaslar ta'rbiyasının' mazmunı ha'm ma'nis, usıl ha'm formalarında u'lken o'zgerisler ju'z bere basladı. Mekteplerdi milliylestiriw baslandı.

Ta'lim-ta'rbiyag'a milliy qa'diriyatlardı endiriw tiykarg'ı orın tutatug'ın boldı. Tariyxımız, ma'deniyatımız, milliy u'rp-a'detlerimizge itibar ku'sheydi. Jaslarda milliy maqtanısh sezimin qa'liplestiriw ha'm bekkemlewge ayrıqsha a'hmiyet beriletug'ın boldı. Bilimdi ardaqlaw, alımlar ha'm ustazlardı hu'rmet etiw ma'rtlik, adamiylıq, kishipeyillilik, a'dalatlıq, hadallıq, haqgo'ylik sıyaqlı insanıy pa'ziletlerdi hu'rmetlewde ibrat bolatug'ın a'jayıp qa'diriyatlarımız ko'p. Bilim ha'm zakawattın' ja'miyet rawajlanıwı ha'm shaxs ruwxıy-a'dep-ikramlıq kamalatı ushın a'hmiyeti og'ada u'lken. Bilim en' u'lken baylıq ekenligi, du'nyada onnan qa'dirlirek hesh na'rse joqlıg'ı haqqında a'yyemgi Hind da'stanı «Qalila ha'm Dimna» Nizomulktin' «Siyasatnama» Nasır Xısrawdın' «Saodatnama», «Tushnoma», Yusup Has Hajibtin' «Qutadg'u bilig», Axmed Yugnakiydin' «Hibatul haqoyiq», Axmed Yassaviydin' «Devoni hikmat», Alisher Nawayının' «Hamsa» sıyaqlı ja'ha'nge belgili shıg'armalarında bir-birinen mazmunlı pikirler

bayan etilgen. G’a’rezsizligisizdin’ ma’nawiy tiykarların bekkemlewde diniy ideyalar ha’m qa’diriyatlardan, a’dep-ikramlıq haqqında islam imkaniyatlarınan aqılg’a say, unamlı paydalanıw maqsetke muwapıq. İslam dininde milliy ha’m ulıwmainsanıy a’hmiyetke iye bolg’an, ha’zir de o’z bahasın tolıq saqlap kiyatırg’an en’ a’hmiyetli qag’ıydalar, filosofiyalıq pikirler ju’da’ ko’p. İslam adamlardı dininen, milletinen biyg’a’rez, o’z-ara hu’rmet izzetli bolıwg’a, bir-birin materilallıq, ruwxıy, qollap-quwatlawg’a shaqıradı. Millet ajıratıw, basqa millet adamların kemsitiw islam dini qag’ıydalarına jat. Ta’biyatqa mehir-muhabbat, qorshag’an ortalıqtı, suwdı, hawanı, topıraqtı, haywanat du’nyasın asırap abaylaw islamnın’ tiykarg’ı ideyalarınan biri. Ta’biyat inamların qa’dirlew, olardın’ qa’dirine jetiw insannın’ minneti. Qurandag’ı ayatlarda, payg’ambarlarımız ha’dislerinde haywanat du’nyası ha’m a’tirapımızdı qorshap turg’an basqa na’rselerdi qorg’aw, saqlaw, olarg’a zıyan bermew, olardı ısırap etpew haqqında ta’liymatlar bar, olar menen tanısıp, bul ta’liymatlar ha’zirgi ku’nimizdi go’zlep aytılg’anınday ekenligine gu’wa bolasan’. Ja’mi ta’biy baylıqlardı, haywanat a’lemin abaylap-asıraw ma’selesinde islam dininde bayan etilgen en’ za’ru’r, en’ paydalı jol-jobalar, u’git ha’m ideyalar ulıwma insanıy a’hmiyetke iye qa’diriyatlar esaplanadı. Ol millet tan’lamaydı. İslam dininde birewdin’ haqına ko’z alaytırıw, ishkilikbazlıq, urlıq penen shug’ıllanıw qattı qaralanadı. Din adamlardı haram jolllardan shette ju’riwge, insaplı, diyanatlı bolıwg’a, o’zinen jaqsı iz qaldırıwg’a shaqıradı. Ta’biyat, a’deplilik, o’z-ara doslıq qatnasıqlar, ata-ana, perzentlerdin’ haq-huqıqları, mehir-aqıbet, hadallıq, pa’klik sıyaqlı insanıy qa’diriyatlar ken’ tu’rde na’siyatlanadı. İmkanı barınsha ha’m qay jerde bolsan’da ilim u’yren, ag’artıwshılıg’ın’dı ziyada et degen ideya islam dininin’ mazmunına teren’ sin’dirilip jiberilgenligin Ha’disi Shariften alıng’an mısallardan ko’riw mu’mkin. «Besikten qa’birge shekem ilim izle» sıyaqlı teren’ mazmunlı pikirler musılmanlar ushın tiykarg’ı qollanba bolg’an.

İslam dini ha’m a’debi etilgen, onın’ pu’tkil ma’nisi tiykarlang’an ideya ha’m qag’ıydalardı bilip alıw, olarg’a tiykarlanıp is ju’ritiw shaxstın’ ruwxıy kamalatı a’dep-ikramlıq pa’kleniwi ushın og’ada za’ru’r ha’m a’hmiyetli. Ruwxıy ha’m

a’dep-ikramlıq pa’kleniw, iyman, insap, diyanat ar-namıs, mehir-muhabbat, watanpa’rwarlıq ha’m insanıylıq sıyaqlı pa’ziyletler qanshelli abaylap-asıralsa, turmısta ken’ paydalanılsa, insannın’ jaratıwshılıq, do’retiwshilik iskerligi sonshelli ku’sheyip, jetilisip baradı. A’ne sol ma’selelerge ayrıqsha itibar berilip, keleshekte en’ u’lken ma’sele, adamlarımız du’nya qarasında, ja’miyetimizde Watang’a mehir ideyasın birinshi orında tutıwı kerek. Ha’r qanday is tiykarında milliy maqtanısh, milletshilikke yaki shovinizmge baylanısı bolmag’an, usı ma’mleket, usı xalıqqa ta’nligi ushın ku’sh-quwat bag’ıshlaytug’ın maqtanısh qoyılıwı lazım.

Bul muqaddes tu’sinikler milleti ha’m diniy isenimnen biyg’a’rez, usı jurt, usı muqaddes zaminde jasap atırg’an ha’r bir adamnın’ turmısı, sanası, qanına sin’ip ketiwi kerek. O’tmishimiz ha’m keleshegimizge qanat bag’ıshlaytug’ın mine usınday sezim-tuyg’ılardı biz bu’gingi a’wladlarmızıdı ta’rbiyalap, o’z milliy ma’mleketimizdi qurıwımız lazım

### II.4.Milliy ideya menen milliy ruwxıy qa’driyattın’ ajıralmas baylanısı

Ha’r qanday ja’miyetlik qubılıstın’ usı esaptan milliy ideya, milliy ruwxıyat qa’driyatlardın’ ma’nisin ashıp beriw ushın, bul tu’siniklerdin’ anıqlamasın, mazmun-ma’nisin belgilep alıw kerek boladı.

Qa’driyat tu’sinigi-og’ada ken’ tu’sinik. Onın’ bir bo’limi ruwxıy qa’driyatlar. Milliy-ruwxıy qa’driyatlar-ja’mlengen ja’miyetlik qubılıslardı o’z ishine aladı. «Milliy-ruwxıy qa’driyatlar» tu’sinigine to’mendegishe anıqlama beriw mu’mkin: «Belgili bir millet wa’killeri ushın za’ru’r, a’hmiyetli, aziz ha’m maqtanısh bolg’an, ma’pleri maqsetlerine xızmet etetug’ın baylıqlar, ta’jiriybeler ha’m printsipler, ideyalar ha’m o’lshemler jıyındısın Milliy-ruwxıy qa’driyat dep atawg’a boladı. Haqıyqatında da ha’r bir xalıqtın’ o’zi ushın su’yikli, qımbatlı bolg’an ruwxıy baylıqları boladı. Ma’selen: Qaraqalpaq, o’zbek xalqının’ qa’dirlep kelgen a’dep-ikramlılıq normaları bolg’an jası u’lkendi hu’rmetlew, qa’dirlew, ata-ananı a’zizlew da’stu’ri bar. Bular a’sirler dawamında a’wladtan a’wladqa o’tip

bizge deyin jetip kelgen, ha'zirgi ku'ndede o'zinin' a'hmiyetin saqlap qalg'an, xalqımızdın' ruwxıy-morallıq baylıg'ı, du'rdanası.

Bug'an mısallar ko'p sanlı. Qaraqalpaqlar «Qırıqqız» da'stanı, Qırg'ızlar «Manas» da'stanı menen, Egipetliler a'yyemgi piramidaları, O'zbekstanlılar «Samarqand», «Buxara» ha'm Xiywa estelikleri menen maqtana aladı.

Millettin', el-jurttın' o'zine ta'n tariyxıy miyrasları, a'debiyat iskustvosı menen birge u'rip-a'detleri, da'stu'rleri, ma'resimleri, ma'deniyatı, morallıq normaları, qa'siyetleri bar, bular olardın' qa'driyatları esaplanadı. Bular xalıqtın', millettin' o'zinsheligin saqlap qalıwda, jan'a a'wladtı ta'rbiyalawda a'hmiyetli rol oynaydı.

Milliy-ruwxıy qa'driyatlar bunda xalıqtın' du'nyag'a ko'z-qarası, turmısqa qatnası, ishki ta'biyatı, turmıs ta'rizi o'z sa'wleleniwin tabadı. Bir so'z benen aytqanda ruwxıy qa'driyatlarda millettin' ruwxıy du'nyası, oylaw-pikirlew usılı, ta'rizi, arzıw umitleri, ideyaları, ar-namısı sa'wlelenedi. Milliy qa'driyatlar xalıqtın' ku'ndelik turmısı, ta'rizi o'zine ta'n o'lshemi wazıypasın atqaradı. Zat, qubılıslarg'a qa'dir-qımbat tamannan qatnas jasaw ja'miyet rawajlanıwında jan'a a'wladtı kamalg'a keltiriwde og'ada a'hmiyetli.

Bul ma'selede milliy ideya menen qa'driyatlar qanday qatnasta degen soraw ta'biiy ra'wishte tuwıladı.

Milliy ideya ruwxıy qa'driyatlar arasında ajıralmas baylanıs ha'm o'z-ara ta'sir etiw dialektikası bolıp, ol to'mendegishe o'z ko'rinisin tabadı:

Milliy qa'driyatlar milliy ideya ushın ruwxıy negiz, bazis bolıp xızmet etedi;

Milliy qa'driyatlardı bayıtıw, onı ja'nede joqarı basqıshqa ko'teriw, adamlar sanası ha'm qa'lbine qa'driyatlardı sin'diriw jolı bolıp tabıladı;

Milliy ideya xalıqtın' tiykarg'ı ma'pleri nazarinen jasap turg'an qa'driyatlarg'a baha beredi, jaqsı ta'replerin rawajlandırıp, jaramsız ta'replerin du'zetip, bayıtıp barıwdı, ruwxıy o'lshemi bolıp du'nyag'a keledi.

O'z na'wbetinde Milliy qa'driyatlar milliy ideyanın' ruwxıy negizi bolıp esaplanadı, onnan azıqlanadı.

Usılardı esapqa alıp Prezident İslam Karimov «Joqarı ma'nawiyat-keleshektin' fundamenti, tayanıshı» dep anıq ha'm sarras ta'riplegen.

Usılarg'a tiykarlanıp ruwxıyat-qa'driyat-Milliy ideya insan, ja'miyet turmısının' u'sh (3) tarmag'ı, o'z-ara ajıralmas ta'repleri, tayanıshı dep qarawg'a boladı.

Bular u'shlik dizbek: ruwxıyat- milliy qa'driyatlar-milliy g'a'rezsizlik ideyaları insan, sotsiallıq gruppalar, bir pu'tin ja'miyet turmısında, is ha'reketinde, sonday aq ulıwma adamzattın' rawajlanıwında og'ada u'lken a'hmiyetke iye. Millet, ma'mleket rawajlanıwının' ma'lim bir da'wirlerinde ruwxıylıq-qa'driyat, milliy ideya en' aktual wazıypa bolıp birinshi orıng'a qoyıladı, sheshiwshi jol bolıp maydang'a shıg'adı.

O'zbekstan g'a'rezsizliginin' teoriyalıq, a'meli jaqtan, tiykarın salıwshı İslam Karimov ta'repinen g'a'rezsizliktin' da'slepki ku'nlerinde aq rawajlanıwdın' o'zine ta'n ha'm o'zine say jolın belgilewshi Milliy-ruwxıy qa'driyatlarg'a dıqqat awdarıldı, onı qayta ko'rip xalqımızdın' ruwxıy du'nyasın joqarılatıwg'a qaratılg'an ilimiy-teoriyalıq fundamental kontseptsiyası islenip shıg'ıldı.

Bu'gingi ku'ni ullı keleshekti jaratıw jolında xalıqtı bir maqsetke birlestirip do'retiwshilik islerge jollaytug'ın, ruwxıy tayanısh su'yenish bolaalatug'ın milliy ideyanı qa'liplestiriw ha'm turmısqa engiziw Prezidentimiz dıqqatınan bir minutta shette qalmadı. «O'zinin' turmısın, o'z aldına qoyg'an maqsetlerin onın' ko'z

aldına keltire alatug'ın, o'z keleshegi haqqında qayg'ıratug'ın millet hesh bir da'wirde milliy ideya ha'm milliy ideologiyasız jasamag'an ha'm jasay almaydı» dep eskertken edi.

Ma'nawiyat, qa'driyat ha'm milliy ideya-xalqımızdın' bu'gingi turmısı, keleshek g'a'rezsizligi ushın za'ru'rli, u'lken a'hmiyetke iye tarawlar esaplanadı.

Da'slep atap o'tkenimizdey, milliy o'zlikti an'law barlıq milliy ruwxıy qa'driyatlardı o'zlestiriw, o'z xalqı tariyxın, ma'deniy miyrasların teren' u'yreniw, onın' bu'gingi jag'dayı, keleshek barısın onın' ko'z aldına keltiriwden baslanadı. Turmısqa na'zer taslasaq ha'r bir insannın' miyneti, is-ha'reketi, turmıslıq maqsetleri belgili da'rejede qa'dir-qımbatqa erisiw, el-jurt na'zerine tu'siw, materiallıq ha'm ruwxıy bay-lıqlarg'a iye bolıwg'a qaratılg'an. Bizin' qa'driyatlarımız uzaq tariyxıy rawajlanıwdın' juwmag'ı. Mısal ushın zorastrizm dininin' karamatlı kitabı «Avesto» alsaq. Ol bunnan 2700 jıl burın 12 mın' qaramal terisine altın ha'ripler menen jazıp qaldırılg'an. Bul kitap joqarı turmıs, filosofiya, ilim-pa'n birlikte rawajlanıw na'tiyjesinde do'retilgeni ushın bu'gin ku'ndede o'z qa'dir-qımbatın jog'altpadı.

Da'wirler o'tiwi menen milliy-ruwxıy qa'driyatlar o'zgerip rawajlanıp, jan'alanıp bayıp baradı. Bug'an turmısımızdan ko'plep mısallar keltiriw mu'mkin.

Adamzattın' keyingi yarım mın' jıl dawamında du'nya bazarı payda boldı, ekonomikalıq, ma'deniy qatnaslar rawajlandı, jetilisti.

XXI a'sir basına informatsion texnologiyası sebepli du'nyada globallasıw protsessi jan'a basqıshqa ko'terildi. Usınday jag'dayda milliy qa'driyatlarg'a shetten bolatug'ın ta'sir ha'dden tıs ku'sheydi. Bul ta'sir, bir ta'repten Milliy ma'deniyattın' bayıp barıwı, qa'driyatlardın' qayta bahalanıwına, ekinshi ta'repten millettin' ruwxıyatı ha'm qa'driyatına jat bolg'an a'det ha'm ha'reketlerdin' kirip keliwine sebep boldı.

En' baslısı bir ja'miyetlik du'zimnen basqa du'zimge o'tiw da'wirinde puxaralardın' ruwxıyatında, qa'driyatlarında teren' o'zgerisler ju'z berdi. O'z o'mirin tawısqan ideyalar, ideologiyalar, aqidalar, zamang'a say kelmeytug'ın qatnaslar, qa'siyetler ornın jan'aları menen toltırıw an'satlıq penen o'tpeydi.

Usılardı esapqa alsaq Milliy o'zlikti saqlawda o'zin-o'zi an'lawda, tariyxıylıqtı qayta tiklewde keleshekke adamlarda isenim oyatıwda ruwxıyat, milliy-ruwxıy qa'driyatlar ayrıqsha a'hmiyetli ornına iye boladı. Olay bolsa milliy-ruwxıy miyras ha'm qa'driyatlardın' quramına neler kiredi degen ma'sele kelip shıg'adı.

Milliy ruwxıy miyras ha'm qa'driyatlar tu'sinigi og'ada ken' tu'sinikler bolıp onın' ta'rtibine to'mendegiler kiredi.

1-den, tariyxıy miyras ha'm tariyxıy yad;

2-den, ma'deniy eskertkishler, qa'dimgi qoljazbalar;

3-den, ilim-fan jetiskenlikleri, filosofiyalıq oy-pikirler;

4-den, a'debiyat ha'm iskusstvo;

5-den, morallıq qa'siyetler ha'm normalar;

6-dan, diniy qa'driyatlar;

7-den, u'rip-a'detler, da'stu'rler, marasimler

8-den, marifat (bilimlendiriw), ta'lim-ta'rbiya ha'm basqalar;

Milliy-ruwxıy qa'driyatlar sistemasında tariyxıy miyras ha'm tariyxıy yad a'hmiyetli orın iyeleydi. Sol sebepli tariyxtı durıs u'yreniw, onnan sabaqlar alıw, juwmaqlar jasaw kerek. O'zbek ha'm qaraqalpaq xalıqları du'nya ma'deniyatına mu'na'sip o'z u'lesin qosqan, du'nya milletleri qatarınan o'z ornın iyelegen milletler.

Ma'deniy estelikler, o'nermentshilik iskusstvo ko'rsetkish-leri a'yyemgi qoljazbalar-milliy-ruwxıyatımızdın' biybaha baylıqları. Bulardı abaylap-asrap saqlap keleshek a'wladqa jetkiziw ruwxıyat tarawında en' baslı ma'sele.

İlim-pa'n jetiskenlikleri bolsa-milliy regionallıq shegaradan shıg'ıp pu'tkil du'nyag'a taralatug'ın, ulıwma adamzatqa xızmet etetug'ın baylıq-qa'driyat. Bul jerde ayrıqsha atap o'tiw kerek, ilimpazdın' do'retpesi onın' ilimiy da'rejesi milleti, watandı du'nyag'a tanıtadı, Milliy qa'driyattı ulıwma adamzat jetiskenligine aynaldıradı.

Milliylik, xalıqtın' ruwxıyatı ha'm ma'nawiyatı ayrıqsha a'debiyat-iskusstvo rawajlanıwında erkin ko'rinedi.

Jaqsılıq ha’m pa’klik, insanıylıqtı ha’m haqıyqattı jırlag’an shıg’armalar, qaysı janrda yaki qaysı tilde jaratılg’anlıg’ınan qatiy na’zer du’nyag’a tanıladı, al millettin’ du’nyadag’ı abroyın ko’teredi. Milliy-ruwxıy-qa’driyatlar sistemasında morallıq sıpatlar, diniy qa’driyatlar o’zinin’ ornına iye ha’m milliy o’zlikti an’lawdın’ sha’rti.

Morallıq ha’m diniy qa’driyatlar o’z-ara baylanıslı bolıp, ja’miyettin’ ruwxıy jetilisiwinde jas a’wlad ta’rbiyasında birdey a’hmiyetke iye. Usılardı esapqa alıp Prezident İslam Karimov, «Tu’rkstan-Press» agentligi xabarshısının’ sorawlarına juwabında, ma’deniy ruwxıy, morallıq qa’driyatlardı saqlap qalıw ha’m onı a’wladtan a’wladqa jetkiziwde dinnin’ a’hmiyetli xızmeti ekenligin ko’rsetip: «Diniy qa’driyatlar, islamiy tu’sinikler turmısımızg’a sonsha sin’ip ketken, olarsız biz o’zligimizdi jog’altamız degen edi»[5]

Ha’r bir xalıq, millet jaratqan ruwxıy qa’driyatlar, onın’ du’nyag’a ko’z-qarası ha’m turmısqa qatnası, o’zine ta’n qaytalanbaytug’ın qa’siyetleri ayrıqsha u’rp-a’det ha’m merasimlerinde tolıq ha’m ayqın ko’rinedi.

G’a’rezsizliktin’ ruwxıy negizlerin bekkemlewde diniy qa’driyatlardın’ ornı ha’m a’hmiyeti ullı. Diniy qa’driyat sıpatında islam dinin alıp qaraytug’ın bolsaq, onda milliy ha’m ulıwmainsaniy qa’dir-qımbat saqlang’an. İslam adamlardı dininen, milletinen qattiy na’zer o’z-ara hu’rmet-izzette bolıwg’a, bir-birin qollap-quwatlawg’a baslaydı. Adamlardı milletine qarap ajıratıw, basqa millet wa’killerin kemsitiw islam ta’liymatına jat. İslam ku’shli diniy ta’limat ha’m a’meliyat. «İslam dini-bul ata-babalarımız dini, ol biz ushın ha’m iyman ha’m moral ha’m isenim ha’m bilimlendiriw ekenligin umıtpayıq»- dedi İ. A. Karimov-O’zbekstan Respublikası Oliy Majlisinin’ birinshi sessiyasında jasag’an bayanatında. Ol tek ag’ımlar jıyındısı emes. ... onı bilimli adamlarımız jan dep qabıl qıladı ha’m jaqsı u’gitlerine a’mel qıladı. Miyrim-sha’pa’a’tli, ar-namıslı, izzet-hu’rmet tu’siniklerine tayanıwg’a ha’reket qıladı.[6]

---

[5] Karimov İ. A. «Biz keleshegimizdi o’z qolımız benen quramız. T. « O’zbekiston», 1999,
[6] İ. Karimov «O’zbekstannın’ siyasiy-ja’miyetlik ha’m ekonomikalıq g’a’rezsizliginin’ tiykarg’ı printsipleri» 54-bet

Totalitar du'zim da'wirinde islam dini milletshilikti ku'sheytiwge alıp keledi, ol musılman xalıqların rus xalqına, sovet siyasiy du'zimine qarsı gu'reske baslap, onı qaratıwshı ku'shke aynalıwı mu'mkin degen sıltawlar menen milliy ha'm diniy qa'driyatlarımız qarsı gu'resti ku'sheytip jiberdi. İslam dinin usı maqsette adamlardın' basın aynaldıratug'ın za'ha'r dep qaraladı.

İslam dini ta'biyat, ja'miyet, oylaw tuwrısındag'ı ilimiy da'lillerge pu'tkilley qarsı dep adamlardın' sanasın za'ha'rleydi dep esapladı. Pu'tkil ma'mleket boyınsha din, sonın' biri islam dini erkin pikirlewge jat, og'an jol qoymaydı jeke ha'm ja'miyetlik turmıstın' rawajlanıwına tosqınlıq qıladı degen ideyanı zor berip propogandaladı. Usınday sıltaw menen karamatlı kitap Qurani Karim, Hadisi Sharip qadag'an qılındı.

Adamlar ata-babaları qa'dirlep, qa'sterlep saqlap kelgen diniy qa'driyatlardan u'zilip qaldı. Ha'tteki O'zbekstanda, Qaraqalpaqstanda xalıq arasında İslam dinin taratıwshı molla, ishanlar su'rgin qılındı, tyurmag'a qamaldı, gu'nasız atıp taslandı. O'zbekstanda İslam dinine ku'shli shabıwıl jasaldı. Din iyelerinin' mal-mu'lki tartıp alındı, huqıqları sheklenip, siyasiy, ta'rbiyalıq, bilimlendiriw jumıslarınan birotala shetlenildi.

Totalitar eski du'zim da'wirde din tuwralı bilim, ta'lim-ta'rbiya berilmedi. Onın' ornına dindi qaralawshı, onı joq etiwge qaratılg'an «ateizm» dep atalıwshı sabaq oqıtıldı.

En' jamanı islam dinin birotala joq etiw maqsetinde mazarlar ku'l-talqan etildi. İntelegentsiya wa'killeri o'zinin' ata-babalarının' mazarlarına barıwdan shetletildi, ulıwma insanlıq qa'driyat bolg'an ata-ananın' mazarın hu'rmetlewge, onın' jag'dayınan xabar alıwg'a shek qoyıldı. İntelegentsiya wa'killerinen, basshı xızmetkerlerden kimde kim dini karamatlı dep esaplang'an orınlarg'a ha'tte ata-anası mazarına barsa radio, televideniyadan aytıp masqara qılındı. Janaza namazlarına, jerlew merasimine barg'anlar kritikag'a ushıradı.

Ma'deniy revolyutsiya dep atalg'an da'wirde, «Qudaysızlar ja'miyeti» du'zilip og'an birqansha adamlardı ag'za etip tartqan. Olar adamlardın' huqıqı, morallıq norma qag'ıydaların turpayı tu'rde buzg'an. Din menen baylanıslı

bolg'an, bolmag'an milliy u'rp-a'detlerimiz da'stu'r ha'm bayramları qadag'an qılındı.

Orta a'sir da'wirinde ko'p mashaqatlı miynetler menen salıng'an meshit-medreseler wayran qılındı, buzıp taslandı. Ma'selen XX a'sirdin' basında Tashkent qalasında 349 meshit ha'm 17 medrese bolg'an, olardın' ko'pshiligi buzılıp taslang'an tek g'ana ayırımları saqlanıp qalg'an. Mısalı (Eski jua) go'ne qalada saqlanıp qalg'an. Bunın' menen sheklenip qalmag'an totalitar du'zim neshe mın' a'sir berli ko'zdin' qarashıg'ınday qa'sterlenip abaylap-asırap saqlanıp kelingen, xalıqtın' turmıs ta'rizine aylanıp ketken, u'rp-a'detler, xalıq merasimleri ha'm bayramları jo'nsiz qadag'an etildi. Ma'selen: neke, besik toyı, zu'ra'a't bayramı, kelin sa'lemleri, milliy kiyimler, eskilik sarqıtı retinde saplastırıldı. Ha'tteki ko'klemde su'melek pisiriw, ul balalardı su'nnet etiw ma'resim-leri qaralandı. Sonday aq musılman xalıqları neshe a'sirler dawamında bayramlap kelgen milliy bayram «Nawrız» bayramın bayramlawg'a ruxsat etilmedi. Onı diniy bayram degen sıltaw menen qadag'an etildi. Haqıyqatında bolsa «Nawrız bayramı» islam dini menen tikkeley baylanısı joq, ol islamg'a shekemgi da'wirde payda bolg'an jasarıw, jan'alanıw bayramı. İslam dinine bunday orınsız qısım jasaw xalqımız qa'dirlep kelgen milliy qa'driyatlarımızg'a onın' rawajlanıwı, jetilisiwine u'lken zıyan keltirdi. Haqıyqatında bolsa, islam dininin' karamatlı kitabı Qurani Karimde, Ha'dis sha'riplerinde adamzat ushın xızmet etetug'ın qımbatlı pikirler, turmıstın' jol jobaları orın aladı.

Ha'disi sha'riplerde mo'min musılmanlar bir-birine mexriban, birin-birine hu'rmet penen qaraw ideyası ko'terilgen. Sonday aq onda mo'min musılmanlar basqanın' mal mu'lkine ko'z alartpaw, basqanın' janına jawızlıq islemew atap ko'rsetilgen. İslamda ma'mleketler arasında kelispewshilikten kelip shıqqan orınsız qan to'giwler qattı qaralanadı. Sonday aq İslamda basqa dindegiler menen tınısh-tatıw jasaw ta'riyplenedi.

İslam dini ta'biyatqa mehr-muhabbat, qorshap turg'an ta'biiy ortalıqtı, suwdı, jerdi, haywanlardı ha'm o'simlikler du'nyasın abaylap-qa'sterlep saqlaw Qurani Karimnin' baslı ideyalarınan esaplanadı.

Quran ayatlarında, Payg’ambarımız ha’dislerinde haywa-nat, o’simlikler du’nyasın barlıq janlı maqluqlardı qorg’aw, saqlaw, ısırap qılmaw tuwralı ta’limatlar bar ha’tte ha’zirgi ku’n talaplarına juwap beredi dep oylaysan’.

İslam dininin’ ta’biyattı ko’zdin’ qarashıg’ınday abaylap saqlaw haqqındag’ı ideyalar ulıwma insaniy qa’driyat esaplanadı. Onda ayrıqsha atap ko’rsetiliwinshe mo’min musılman egin ekse, terek o’sirse olardan adamlar paydalanadı bular sawap isler boladı dep ko’rsetilgen.

Usılay etip din a’sirese islam adamlardı nadurıs joldan ju’rmewge, insaplı iymanlı bolıwg’a o’zinen jaqsı iz qaldırıwg’a shaqıradı.

İslamda insandı ardaqlaytug’ın ideyalar onın’ karamatlı kitabı Qurani Karimde qa’legenin’she, tilegenin’she tabıladı. Sonın’ menen birge dinde a’dep-moral, adamlar arasında doslıq qatnas, ata-ana menen perzentler arasında mehr-muxabbat, huqıq normaları, hadallıq, pa’klik, a’dillik sıyaqlı insaniy qa’driyatlar kereginshe tabıladı. İslam ha’r qanday jamanlıq, jawızlıqqa, qıyanet, jalg’anshılıq sıyaqlı insang’a qarsı qaratılg’an ha’reketlerdi keskin qaralaydı.

İslamnın’ usı ideyaların diniy fundamentalizm, diniy ekstremizm, terrorizmge qarsı gu’reste ustalıq penen pydalanıw kerek.

İslam uzaq jıllar dawamında adamlardı qaran’g’ılıqta saqlaydı, durıs joldan adastıradı dep onı qaralap kelingen edi. Haqıyqatında bolsa islam adamlardı jaqsılıqqa baslaydı. İmkani barınsha dep ko’rsetedi, islam dini ilim u’yren, bilimin’ o’ser keter degen ideyanı alg’a qoyadı.

Ha’dis Sha’ripte «Besikten qa’birge shekem ilim u’yren, bilim al», «alımnın’ o’limi-a’lemnin’ o’limi» dep aytılg’an pikir musılmanlar ushın negizgi qollanba bolg’an.

Prezidentimiz ta’repinen birneshe ma’rte qayta-qayta atap ko’rsetilgenindey, a’yyemgi tariyxımızdın’ qaysı da’wirin eske tu’sirmeyik, din ha’rdayım o’zin o’zi saqlawg’a, jaqsı qa’siyetlerdi ko’beytip jamanlıqtan qutılıwg’a shaqırg’an.... olarg’a ku’sh-quwat bag’ıshlag’an, bir-birine mehr-muxabbatın ku’sheytken... A’sirler dawamında din adamlardı en’ ullı maqsetler jolında birlesiwge, bir-birine tayanıp jasawg’a bag’darlag’an, u’yretken, na’siyatlap kelgen.

O’zbekstan g’a’rezsizligi respublikamızdag’ı barlıq puxaralar sıyaqlı mo’min musılmanlarg’a ata-babalarımızdın’ dini islamdı qayta tikledi. G’a’rezsizlik sharapatı menen uzaq jıllar dawamında qadag’an qılıng’an dinimiz esikleri qayta ashıldı, barlıq tosqınlıqlar alıp taslandı. «Hu’jdan erkinligi ha’m diniy sho’lkemler tuwrısında» O’zbekstan Respublikası nızamı qabıllandı. O’zbekstan Respublikası Konstitutsiyasının’ 31-statyasında ha’mme ushın hu’jdan erkinligi qorg’aladı dep belgilenip qoyıldı. Na’tiyjede g’a’rezsizlik jıllarında respublikada meshitlerdin’ sanı o’sti, ha’zirgi ku’ni 5 mın’nan aslam meshit islep turıptı.

G’a’rezsilik sharapatı menen musılmanlar xajg’a barıp, Makka mukarramag’a barıp karamatlı orınlardı zıyarat etiw mu’mkinshiligi iye boldı. Ha’zirgi waqıtta ha’r jılı 3-mın’ adam Hajı saparına barıp kelmekte.

Respublikamızda Ramazan ha’m Qurbanayt bayramları dem alıs ku’ni retinde belgilengen. Bul tuwralı Prezident parmanı shıqtı. Sonday-aq ullı islam diniy wa’killeri İsmail Buxariydin’ 1200 jıllıg’ı, 1993-jılı sufizm ta’limatının’ en’ iri wa’kili Baxauddin Naqshband xazretlerinin’ 675 jılı ken’ tu’rde belgiliendi. İmam Matrudi, at-Termiziydin’ tuwılg’an ku’nleri belgilendi. Din adamzattı hesh qashan jaman islerge baslamag’an. Din o’mirdin’ o’tkinshi ekenligin tu’sindirip adamlardı jamanlıqtan qashıwg’a, jaqsı isler islew, do’retiwshilik isler menen shug’ıllanıp o’zinen jaqsı at qaldırıwg’a baslap keledi.

Sonlıqtan biz kelesi jıllarda da din, diniy ta’rbiya barlıq sharayatlardı tarayıp baramız. Sonın’ menen bir waqıtta musılman doslarımızg’a bir na’rseni qayta qayta tu’sinip alıwdı o’tinemiz: din o’z jolı menen ma’mleket o’z jolı menen. Diniy partiyalar du’zip ha’kimiyatqa talasıw qudaytalag’a jaqpaydı. Prezidentimiz aytqanınday ma’mleket ha’m din o’z jolı menen alıp barıwı kerek. Din ma’mlekettin’ siyasatına aralaspawı kerek. O’ytkeni din siyasat emes, al ol iyman-isenim. Dindi siyasatlasıwg’a bolmaydı sol sıyaqlı siyasattı dinlestiriwde jaramaydı, ol diniy qa’driyatlarımızg’a say kelmeydi.

Diniy fundamentalizm ha’m diniy ekstremiz dindi siyasatlastırıw, o’zlerinin’ g’a’rezli maqsetlerin dinnin’ bayrag’ı astında a’melge asırıwdan basqa hesh na’rse emes.

Ta’lim ha’m ta’rbiyanın’ milliy qa’siyetleri ruwxıy qa’driyatlar sistemasında o’zinin’ ayrıqsha ornına iye. Xalıqtın’ keleshegi jaslarg’a baylanıslı ekenligi anıq bolsa, haqıyqat bolsa bulardı milliy ruxta ta’rbiyalaw za’ru’rligi o’z sa’wleleniwin tapqan bolıwı kerek. Milliy ta’rbiya xalıqtı o’zin-o’zi saqlaw ha’m g’a’rezsizlikti ta’miynlew jolı.

Juwmaqlap aytqanda milliy-ruwxıy qa’driyatlardın’ ha’r bir bo’limi xalıqtın’ g’a’rezsizlikti bekkemlew ha’m keleshegin ta’miynlewdi ayrıqsha a’hmiyetli.

## Juwmaqlaw

Ma’mleketimiz g’a’rezsizligine 20 jıl toldı. Xalıqtın’ neshe a’sirlik arzıw-u’mitlerin a’melge asırıw ha’m onı ha’r jılı toylawday u’lken baxıtqa eristik. Bul an’satlıq penen qolg’a kiritilgen joq, a’lbette. Bug’an tuwrı jol baslap, ibrat bolg’an Prezidentimiz g’a’rezsizliktin’ tiykarg’ı tayanıshı milliy qa’driyatlarımız ekenligin teren’ uqtırıp, jol joba ko’rsetip kelmekte.

Degen menen ha’r qanday hasıl zatqa ko’z alayttırıwshılar tabılatug’ınlıg’ı sıyaqlı, bizin’ baxıtlı turmısımızdı ko’re almawshılar da tabılıwı so’zsiz. Ekinshiden jan’a g’ana g’a’rezsizlik jolına tu’sken ma’mlekettin’ turmıslıq mashqalaları da bolıwı ta’biyiy. Bu’gingi ku’nde ma’mleketimiz rawajlang’an ja’miyet qurıw jolınan baratır eken, o’zine ta’n sotsiallıq, siyasiy, ideologiyalıq, filosofiyalıq mashqalalarg’a dus kelmekte. Jaslardın’ sanası ha’m qa’lbi ushın gu’res ha’m olardı ka’mil insan ruwxında ta’rbiyalaw mine usınday aktual ideologiyalıq bag’dardag’ı mashqalalardan biridur.

Bul mashqalanın’ sheshimi Respublikamızda jan’a ma’mleketshilik tiykarların qurıwda, demokratiyalıq, a’dalatlı, puxaralıq ja’miyet qurıwımızda teoriyalıq ha’m a’meliy a’hmiyetke iye. İnsan sanası ha’m qalbin iyelew belgili siyasiy topar, qatlamlardın’ ullı ma’mleketlik shovinizmi maqsetlerine qaratılg’an bolıp, bunda olar tu’rli ideologiyalıq qurallar ha’m usıllardan paydalanadı. A’ne usınday usıllardan biri g’a’rezsizlikke eriskennen keyin, rawajlang’an ma’mleketlerdin’ milliy ma’mleketshiligine zıyan keliwi, xalıqtın’ mentaliteti, milliyligine ta’n qa’siyetlerinen bas tarttırıp, batıs demokratiyasın endiriw, bunda ma’mleketimizde «demokratiyanın’ ha’lsizligi», «insan huqıqları ha’m erkinliklerinin’ sheklengenligi»n sıltaw etip, bug’an tu’rli jollar menen jaslardı isendiriwge ha’reketler etildi.

Tek g’ana milliy o’zligin an’lag’an ha’m mın’ jıllar dawamında qa’liplesken ruwxıy qa’driyatlarg’a sadıq jaslar g’ana o’z isenimine iye bolg’an watansu’ygish, jurtına, eline pidayı bola aladı. Usı tiykarda milliy ideologiyamızdın’ aldındag’ı en’ negizgi aktual wazıypalardan biri bul jaslardı milliy qa’driyatlarımızg’a sadıq ruwxta ta’rbiyalawımızdur. Xalqımızdın’ o’z mentalitetine ta’n ruwxıy- a’deplilik

qa'driyatları milliy g'a'rezsizlik ideyaların qa'liplestiriw ushın ayrıqsha a'hmiyetke iye bolg'an qa'driyatlardan biridur. Milliy qa'driyatlar millettin' ma'ngiligi, onın' o'tmishi ha'm keleshegin baylanıstırıwshı, jasaw usılın belgilewshi o'lshemdur. O'ytkeni milliy qa'driyatlar o'z ishine millettin' u'rp-a'deti, diniy-a'deplilik da'stu'rleri, ma'resimi, ruwxıy miyrası, mentalitetine ta'n xarakteri, psixologiyası, tili, dini, o'tmish tariyxı, jasaw ta'rizi, sana-sezimine ta'n qa'siyetlerin de qamrap aladı. Eger millettin' usı ta'replerinen biri, ma'selen tili jog'alıp ketse, millet te joq boladı, sebebi til millettin' ha'm ma'mlekettin' statusı formasıdur.

Egerde jaslarımız milliy qa'driyatlarg'a sadıqlıq ruwxında ta'rbiyalanbasa, olarda ideologiyalıq immunitet qa'liplestirilmese milliy ma'mleketshiligimizdin' rawajlanıwına, onın' keleshegine balta urılıwına jol qoyg'an bolamız.

Demek, aytıw mu'mkin, jaslarımızdı milliy qa'driyatlarımızg'a sadıqlıq ruwxında ta'rbiyalaw, olardı ka'mil insanlar etip jetilistiriwdin' za'ru'rli sha'rtidur. Bu'gingi ku'nde jaslarımızdın' qalbi ha'm sanasına milliy g'a'rezsizlik ideyasının' printsiplerin en' da'slep o'zlikti an'law, milliy maqtanısh tuyg'ıların o'zinde ja'mlestirgen milliy qa'driyatlarımız arqalı sin'diriwimiz mu'mkin.

**A’debiyatlar**:

1.O’zbekiston Respublkasi Kontsitutsiyasi. T., O’zbekiston, 1992j.

2. O’zbekiston Respublikasining «Vijdon erkinligi va diniy tashkilotlar tug’risida» gi qonuni (yangi taqriri) // O’zbekistonning yangi qonunlari. T., «Adolat», 1998.

3. Karimov İ. A. O’zbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. T., O’zbekiston, 2011 yil.

4. Karimov İ.A. Yuksak manaviyat – engilmas kuch. T., Manaviyat, 2008 yil.

5. Karimov İ.A. Ollox qalbimizda, yuragimizda. T., 1999yil.

6. Karimovİ.A. İstiqlol va manavit Toshkent, O’zbekiston, 1994 yil.

7.Karimov İ.A. O’zbekistoning wz istiqlol va taraqqiet ywli. Toshkent, 1992 yil.

8.Karimov İ.A. O’zbekiston-kelajagi buyuk davlat .T., 1993 yil.

9. Karimov İ.A. Biz qurish, yaratish ywlidan bora beramiz. T., O’zbekiston 1995 yil.

10. Karimov İ.A. Bizdan ozod va obod Vatan qolsin. T., 1996yil.

11.Karimov İ.A. Vatan sajdagoh kabi muqaddasdir. T., 1996 yil.

12. Karimov İ.A. İstiqlol va manaviyat T., 1994 yil.

13.Karimov İ.A. Milliy istiqlol mafkurasi-xalq etiqodi va buyuk kelajakka ishonchdir. T., 2000y.

14. Azizxudjaev A. Davlatchilik va manaviyat T., 1997 yil.

15 Jabbarov Sh.Manaviyatning falsafi qirralari T., «Marifat» y996 yil.

16. Milliy istiqlol g’oyasi: asosiy tushincha va tamoyillar. T. « O’zbekiston» 2000y.

17. Zunnun Sh. Donishmandlar adab axloq tug’risida. T. « O’qituvchi» 1996 yil.

18.J.Tulenov. Qadiriyatlar falsafasi T.,1997 yil.

19.J.Tulenov. Haet falsafasi T.,1993